Анэдэлъхубзэм жьантІэр ейщ

2-нэ нап.

«Мэхуэку»

3-нэ нап.

РоманыщІэр куэдым щІаджыкІащ

4-нэ нап.

Іуэху дахэм Урыху щыпащэ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№80 (24.674) ● 2024 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

2024

ФокІадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къыдэритамкІэ

Къэщкъэтау фабрикэщІэ къыщызэІуах

Къэщкъэтау къыщызэІуаха дэрбзэр фабрикэщІэм щыщ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкІэ и министерствэм хыхьэ ЗыхъэныкъуэхэмкІэ къызэгъэпэщыныкІэ департаментым и унафэщІ генерал-лейтенант Лемякин Павелрэ «Военторг»-м и унафэщІ Павлов Владимиррэ я гъусэу.

ХьЭЩІЭХЭМ фабрикэм лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым щыгъуазэ заущІащ, ар зэребгъэфІакІуэ хъунухэм тепсэлъыхьащ. Адрей щыгъынхэм къадэкІуэу, абы щадынущ дзэм хэтхэмрэ цІыхухэр къэхъукъащІэхэм къезыгъэлхэмрэ папщІэ ІэщІагъэлІ фащэхэр.

Дэрбзэр фабрикэм щекІуэкІа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, дзэ Іуэху хэхам хэтхэр, УФ-м ЗыхъэумэжыныгъэмкІэ и министерствэм, «Военторг», «ВоенТекстильПром» Іуэхущ1апІэхэм щыщ лэжьакІуэ гупхэр, Шэрэдж районым и щыпІэ самоуправленэмрэ цІыхубэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лІыкІуэхэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъаз эм, КІуэкІуэ Казбек щхьэхуэу дзэ Іуэху хэхам хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ: «Фэ ди мамыр гъащІэр зэтракъутэну хуэпабгъэхэм лІыгъэ фхэлъу ди Хэкур ящывохъумэ. Шэч къытесхьэркъым куэд дэмыкІыу ди ТекІуэныгъэр зэгъусэу зэрыдгъэлъэпІэнум».

Республикэм и Унафэщім къыхигъэщащ Іуэхущ1апІэщІэ зэраутІыпщым Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм. «Ди цІыхухэр ялъэкІ къамыгъанэу ТекІуэныгъэр къэзыгъэкІуэтэну лэжьыгъэхэм пэрытщ. Дэтхэнэ зыми и Іуэхуфіхэмкіэ ар гъунэгъу ещІ. Уи къэралым ухэущхьэпэныр сыт нэхъри нэхъапэщ. Мы фабрикэм щылажьэ псоми ехъулІэныгъэ яІэну сохъуэхъу. Шэрэдж районым кІуэ пэтми апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэр нэхъыбэу къыщызэІуахыу ирепсэу икІи ирефІакІуэ. Дэ мурадыфІ куэд диІэщ, а псори зы унагъуэ хуэдэу дызэдэлажьэурэ зэрызэдгъэхъулІэфыным шэч къытесхьэркъым», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Фабрикэр къызэІузыха «ВоенТекстильПром» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Атэлыкъ Аслъэн дауэдапщэм къеблэгъахэм абы защригъэплъыхьащ. «Фабрикэм кІуэ пэтми зиубгъунущ, мыбы щылэжьэнущ цІыху 200-м нэс улахуэшхуэ яІэрэ пщІэншэу ягъашхэу. Ерыскъы псори къыщытщэхур Шэрэдж районырщ. Иджыри ухуакІуэхэр, наладчикхэр къэтщтэнущ, ІэщІагъэлІыщІэхэр дгъэсэнущ», - жиІащ абы. ХьэщІэхэм ирагъэлъэгъуащ иджыпсту дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм я Іыхьлыхэм я сурэтхэр. Абыхэм зыщІагъэкъуэныр фабрикэм щылажьэхэм къалэну къалъытэ.

«Фабрикэм и лэжьакІуэхэм я Іэщ1агъэм и хъер ялъагъуну, сыт и лъэныкъуэкІи ефІакІуэхэу, республикэми районми яфІ къызэрекІыну Іуэхуфіхэр зрагъэхъулІэну гурэ псэкІэ сохъуэхъу», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэр щиухым.

Зэгъусэу зэфІагъэкІ

Республикэм дэрбзэр Іуэхущ1апІэхэм зыщаубгъуэ зэры-хъуным теухуауэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ яхуэзащ УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм хыхьэ Зыхъэныкъуэхэмкіэ къызэгъэпэщыныкІэ департаментым и унафэщІ генерал-лейтенант Лемякин Павел, «Военторг»-м и пашэ Павлов Владимир, «ВоенТекстильПром» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Атэлыкъ Аслъэн сымэ. ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м промышленностымкІэ, гъэсыныпхъэхэмрэ сату Іуэхуэмкіэ и министр Іэхъуэбэч Щамил сымэ.

КъулыкъущІэхэр тепсэлъыхьащ дэрбзэр Іуэхущ1апІэхэм зэрызрагъэубгъуну Іэмалхэм. Абы хэубыдэ зы жыпхъэм ит щыгъын дыныр, дзэ лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэм хэт зауэлІхэм къагъэсэбэпыну щэкІэкІ хьэпшыпхэр ягъэхьэзырынр. Налшык, Бахъсэн, Къэщкъэтау дэтщ я щхьэ хуитыжу «ВоенТекстильПром» Іуэхущ1апІэм и къудамэхэр. Къэщкъэтау щыІэр къуажэм илъэс зыбжанэ ипэкІэ зи лэжьыгъэр щызэпыуа, консервхэр къыщІэзыгъэкІ заводым и пІэ ирагъэуващ. Иджыпсту абы цІыху 50 щолажьэ, Іэнатіэхэм зрагъэубгъумэ, цІыху 200-м нэс ягъэувыфынущ. Псори зэхэту «ВоенТекстильПром»-м цІыху 1000-м нэс щолажьэ. Лэжьакіуэхэр я пащхьэ къырагъэувэ къалэнхэр зэрагъэзэщІэну Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщащ, пщІэншэу шэджагъуашхэ ирагъэщІ, лэжьапІэм яшэ, дэчыхьныгъэ псори яІэщ. Іуэхущ1апІэм и мурадщ къыщІигъэкІ хьэпшыпхэр лІэужьыгъуэ нэхъыбэ ищІыну, езыми зиубгъуну, дэрбзэр ІэщІагъэм цІыху нэхъыбэ хуригъэджэну.

КІуэкІуэ Казбек хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ зэгъусэу зэфІагъэкІ лэжьыгъэр къехъулІэныжкІэ щІэгъэкъуэн зэрыхъум папщІэ. «Инвестицэ хъарзынэхэр зэхьэлІа мы проектым и фІыгъэкІэ республикэм цІыху нэхъыбэм лэжьыгъэ щагъуэт, зыхуей-зыхуэныкъуэхэр нэхъ нэгъэсауэ къызэгъэпэща мэхъу», - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм. Нэхъ лейуэ унафэщІым къыхигъэщащ Іуэхущ1апІэм дзэ Іуэху хэхам хэтхэм зэпымыууэ зэрызыщІигъакъуэр, ахэр зыми зэрыщимыгъащІэр.

Къэщкъэтау фабрикэщІэ къыщызэІуах

Къэщкъэтау фабрикэщІэм щыщ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм хыхьэ Зыхъэныкъуэхэмкіэ къызэгъэпэщыныкІэ департаментым и унафэщІ генерал-лейтенант Лемякин Павелрэ «Военторг»-м и унафэщІ Павлов Владимиррэ я гъусэу.

ХьЭЩІЭХЭМ фабрикэм лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым щыгъуазэ заущІащ, ар зэребгъэфІакІуэ хъунухэм тепсэлъыхьащ. Адрей щыгъынхэм къадэкІуэу, абы щадынущ дзэм хэтхэмрэ цІыхухэр къэхъукъащІэхэм къезыгъэлхэмрэ папщІэ ІэщІагъэлІ фащэхэр.

Дэрбзэр фабрикэм щекІуэкІа зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, дзэ Іуэху хэхам хэтхэр, УФ-м Зыхъэумэжыныгъэмкіэ и министерствэм, «Военторг», «ВоенТекстильПром» Іуэхущ1апІэхэм щыщ лэжьакІуэ гупхэр, Шэрэдж районым и щыпІэ самоуправленэмрэ цІыхубэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лІыкІуэхэр.

Къызэхуэсахэм защыхуигъаз эм, КІуэкІуэ Казбек щхьэхуэу дзэ Іуэху хэхам хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ: «Фэ ди мамыр гъащІэр зэтракъутэну хуэпабгъэхэм лІыгъэ фхэлъу ди Хэкур ящывохъумэ. Шэч къытесхьэркъым куэд дэмыкІыу ди ТекІуэныгъэр зэгъусэу зэрыдгъэлъэпІэнум».

Республикэм и Унафэщім къыхигъэщащ Іуэхущ1апІэщІэ зэраутІыпщым Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм. «Ди цІыхухэр ялъэкІ къамыгъанэу ТекІуэныгъэр къэзыгъэкІуэтэну лэжьыгъэхэм пэрытщ. Дэтхэнэ зыми и Іуэхуфіхэмкіэ ар гъунэгъу ещІ. Уи къэралым ухэущхьэпэныр сыт нэхъри нэхъапэщ. Мы фабрикэм щылажьэ псоми ехъулІэныгъэ яІэну сохъуэхъу. Шэрэдж районым кІуэ пэтми апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэр нэхъыбэу къыщызэІуахыу ирепсэу икІи ирефІакІуэ. Дэ мурадыфІ куэд диІэщ, а псори зы унагъуэ хуэдэу дызэдэлажьэурэ зэрызэдгъэхъулІэфыным шэч къытесхьэркъым», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Фабрикэр къызэІузыха «ВоенТекстильПром» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Атэлыкъ Аслъэн дауэдапщэм къеблэгъахэм абы защригъэплъыхьащ. «Фабрикэм кІуэ пэтми зиубгъунущ, мыбы щылэжьэнущ цІыху 200-м нэс улахуэшхуэ яІэрэ пщІэншэу ягъашхэу. Ерыскъы псори къыщытщэхур Шэрэдж районырщ. Иджыри ухуакІуэхэр, наладчикхэр къэтщтэнущ, Іэщ1агъэлІыщІэхэр дгъэсэнущ», - жиІащ абы. ХьэщІэхэм ирагъэлъэгъуащ иджыпсту дзэ Іуэху хэхам щыІэхэм я Іыхьлыхэм я сурэтхэр. Абыхэм зыщІагъэкъуэныр фабрикэм щылажьэхэм къалэну къалъытэ.

«Фабрикэм и лэжьакІуэхэм я Іэщ1агъэм и хъер ялъагъуну, сыт и лъэныкъуэкІи ефІакІуэхэу, республикэми районми яфІ къызэрекІыну Іуэхуфіхэр зрагъэхъулІэну гурэ псэкІэ сохъуэхъу», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек зэІущІэр щиухым.

ЛІыгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъу

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэхэм ехъуэхъуащ я Іэщ1агъэм и махуэмкІэ.

«Мы къулыкъур илъэс 88-рэ ипэкІэ СССР-м и Лъэпкъ комиссархэм я советым и унафэкІэ къызэрагъэпэщауэ щытащ, иужькІэ 2009 гъэм МВД-м и унафэкІэ ягъэлъапІэу щІадзащ.

Илъэс бжыгъэ хъуауэ ГАИ-р и зы Іыхьэщ гъэзгу ухуэкІэмрэ къэралым шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщын Іэнатіэмрэ. Абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ гъэзэщІакІуэ властым и гъусэу, УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкІэ яубзыхуэ «Гъэзгуфі шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектыр, гъэзэщІэныр. Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын и лъэныкъуэкІи автоинспекцэм и къалэныр къэлъытэгъуейщ - илъэс къэс гъэзгум тет машинэхэм я бжыгъэм хохьуэ, абы къыхэкІыу шынагъуэри нэхъыбэщ.

Гъэзгум нэщхъеягъуэ къыщымыгъэхъуныр псом япэу сэбэпщ цІыхухэм я узыншагъэм, гъащІэм зэран хуэмыхъуныкІэ. Абы къыщынэмыщІауэ, ГАИ-м и лэжьыгъэм хеубыдэ хьэлъэр республикэ кІуэцІми, нэгъуэщІ хэгъэгухэми къыщешэкІынкІэ къызэгъэпэщыныр, икІи щынальэ экономикэр куэдкІэ ельытащ.

Иужьрей илъэсхэм политикэ иным къытхуигъэувэхэм, хамэ къэралхэм дыдакъуэну зэрыхэтым къыхэкІыу ГАИ-м ущылэжьэныр нэхъ гугъу, уеблэмэ шынагъуэ хъуащ. Абы хэтхэм лІыгъэ, хахуагъэ, тКІиягъ, пхъашагъ яхэлъын хуейщ, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ гуапэу яхущытыпхъэщ.

ГАИ-м и лэжьакІуэхэм нобэ жэуаплныгъэ ин яхэлъу пэрытщ я Іэнатіэм, цІыхухэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ яхъумэу, абы хохьэ дзэ Іуэху хэхам щызэрахьэ лІыгъэри.

Сигуми си псэми къабгъэдэкІыу Къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэ псоми сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, ехъулІэныгъэ, лэжьыгъэ тыныр яІэну», - щетх КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.

Ди къуэш республикэхэм

Зэкъуэш зэхущытыкІэхэр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Белоруссием и къалащхьэм Іэ щытрадзащ Черкесск къалэмрэ Минск и район нэхъыщхьэмрэ зэкъуэш зэхущытыкІэхэр зэхуаГъэувыным теухуа зэгурыІуэныгъэм.**

- МЫ дэфтэрым игъэбыдэнущ щыналъэхэм я зэныбжьэгъу, зэкъуэш зэхущытыкІэхэр. Ар ипэжьыпІэкІэ дыдзэрызэдэлэжьэнур къызэзыгъэпэщ икІи сэбэпышхуэ зыпылъ Іэмалу увынущ. Урысей псом, абы ди къалэм щыпсэухэри яхэту, Белоруссиер ди къуэш щыналъэщ, - жиІащ Черкесск и Іэтащхьэ Баскаев Алексей.

Мэрым къыхигъэщхьэхуКІащ къэралитІыр лІэщІыгъуэ куэд хъуауэ зэрызэныбжьэгъур, я зэхущытыкІэхэр пщІэ зэхуащІыным, зэдзэпкъыуным, лъэныкъуитІми я сэбэп зыхэлъхэр къэлъытэным я хабзэхэм зэрытещІыхьар. ЗэгурыІуэныгъэм и фІыгъэкІэ лъэныкъуэхэр экономикэм, сатум, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, туризмэм щызэдэлэжьэнущ, гулъытэ хэха хуащІынущ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ иратыным.

Москва и тыгъэхэр

АБХЪАЗ. **Москва и унэу Сыхъум щыІэм Урысей Федерацэм и къалащхьэм и Правительствэм къыбгъэдэкІыу Абхъазым и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм иритащ сом мин 600-м щІигъум и уасэ хущхьуэхэмрэ щІыхуэм зэрелэзэ Іэмэпсымэхэмрэ.**

ТКУАРЧАЛ и район сымаджэщым, «Защ1эгъэкъуэн» псапащІэ фондым, Зи Іэпкъльэпкъым щыщхэр къызыдэмыбз сабийхэм щІэзэз центрым хущхъуэ, медицинэ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр къащэхун папщІэ къадэІэпыкъуну Москва и унэу Сыхъум щыІэм зэрызыхуагъэзар жиІащ абы и лыкІуэ Сое Марие.

- А программэр Абхъазым щагъэлажьэ илъэс зыбжанэ хъуауэ, Москва и унэр къызэрызэІуахрэ, - къыхигъэщхьэхуКІащ абы.- Илъэс къэс зэ Абхъазым и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм защІыдогъакъуэ лъэныкъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ.

Сое Марие Москва и правительствэм фІыщІэ хуищІащ Абхъазым и медицинэ Іуэхущ1апІэхэм и нэІэ зэрытригъэтым папщІэ.



Къэфакіуэхэр къахожаныкІ

АДЫГЕЙ. **«Форвард» эстрадэ-спорт къафэмкІэ ансамблым и артистхэм Небугэ щекІуэкІа «Арт Возможности» урысей зэпеуэшхуэм япэ нагъыщэм и лауреатым и диплому плІы къыщихьащ. КъищынэмыщІауэ, бжьыпэр зыубыдахэм ящыщщ иджырей къафэмкІэ «Алекс» гупри. Апхуэдэ хъыбар къитащ Мейкъуапэ и администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм.**

Зэпеуэм кърикІуахэм япкъ иткІэ иужьрей гупыр ирагъэблэгъащ «Ожерелье России. Наследники» этнографие зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм хэтыну. Управленэм къызэритымкІэ, мы проектыр пхагъэкІ Щэнхабзэ жэрдэмхэмкІэ президент фондыр я щІэгъэкъуэну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Анэдэлъхубзэм жьантIэр ейщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгьэмрэ щIэныгьэмкIэ и министерствэм курыт еджапIэхэм щыгъэдж дерсхэмкIэ екIуэкIа зэхэзэхуэхэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIаехэмрэ иджыблагъэ щагъэфIэжащ.

ХАБЗЭ зэрыхъуащи, зэхьзэзэхуэхэм я къэралпсо икIи щIыналъэ Iыхьэхэм, апхуэдэу анэдэлъхубзэхэмкIэ хэгъэгупсо зэпеуэхэм зи зэфIэкIхэр ЛъагэУ щызыIэгъэльэгуэ еджакIуэхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ фIыщIэ тхыльрэ ахъшэ саугъэткIэ я щIэ къраIуэ. Апхуэдэ гукъэкIыр, зэрыгурыIуэгъуэщи, хуэмэтIащ ныбжьыщIэхэм я щIэныгьэхэм зэхуэзыэныкIэ иIэ гукъыдэжыр нэхъ куу хъуным, я зэфIэкIыр ЛъагэщIынымкIэ щыIэ Iэмалхэр зэхуэзгъэпэщыным, нэхъыщыхьэраци, егъэджэныгьэми щIэныгьэми хуэхап ЛъагэУрэ зэгъэубгъуным. Апхуэдэу КЪР-м и Iэтащхьэм и саугьэтэр мы гьэм хуагъэфэщащ ныбжьыщIэ 50-м щIигъуми. Iэтащхьэм и гурыIуэгьуэ еджакIуэхэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэми.

ГъэфIэж пшыхьым кърихьэлIащ КЪР-м егъэджэныгьэмрэ щIэныгьэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КЪР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КЪР-м и егъэджэныгьэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я зэгъэхьэныгьэм и унафэщI Карныш Сергей сымэ.

«Хэгъэгупсо зэхьзэзэхуэхэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIаехэмрэ къыззэрыкIуэу сащогуфIыкI, сыту жыпIэмэ ахэращ ди къэкIуэнур зэпхар, ахэращ ди гугъапIэр. Къыхэзгъащиу сыхуейт гушхуапIэ дизыгъуэва ди сабийхэм я бжьыгъэм илъэс къэс зэрыхэхъэр – абыхэм я ехьулIэныгьэхэр къызэрыгуэкIыну пхужьIэнукъым. ЩIэныгьэхутэ лэжьыгьэм зезыт ныбжьыщIэхэр нэхъыбэ зэрыхъыи я зэкъуэжьым Iуэхур здащыIэр, атIэ къэхутакIуэ гуащIэ зиIэхэм я жьауэр егъэджэныгьэм зэрытридзэр, абыхэм я зэфIэкIым ельытауэ еджапIэр зэрылажьэ программэхэм зэрызаужьыр кьыхэгъэщыпхъэу къызэлъытэ. Абы и лъэныкъуэкIэ урысейпсо зэхьзэзэхуэхэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIаехэмрэ я лъэныкъуэкIэ Кавказ Ищхъэрэм ит щIыналъэхэм фIыуэ ягъэдзэкIыну щхьэхуитыныгьэхэр. Мыпхуэдэ зэфIэкIхэр зыхэлъ зы махуэм нэрылъагу къурхъым. Абы щхьэкIэ мазэ бжьыгъэкIэ, уеблэмэ илъэс бжьыгъэкIэ улэжьен, сабийхэм я зэхэщIыкIымрэ дуней лъагъуэкIэмрэ я зыужьынIэхэр къызэрыкIын папщIэ къару тебгъэкIуэдэн хуейщ. Дауи, а Iэнатlэ хьэлъэр зи пщэ къыдахуэр егъэджакIуэхэращ. Сыт хуэдиз Iэхьу и пIэ ирагъэувэн хуейуэ абыхэм къапэщымыIыми, гурэ псэкIэ етауэ адэ-анэмдзыхь кьыхуащIа сабийм долажьэ. ЕджакIуэр ФIыуэ умылъагъумэ, абы гуэ-лыуэ хуумыIэмэ, дауи, зыри кьохъулIэныкъым, кьохъулIэнкIи Iэмал иIэкъым. Зи гур дунейм хуэзIуха, жраIэ рогуи зыпхъуатэ ныбжьыщIэм и хъуапсэхэм уапэджжьиныр, я лъэ щIэзыгъэкI жэрдэмрэ пэкуэщIэхэмкIэ гъэзгу етыныр зимыуасэ щыIэкъым. ЛъэныкъуитIыр – еджакIуэмрэ егъэджакIуэмрэ – зэдзлъжьхэкIэрэ къэхъуэ Iуэхуэгъэщ нобэ гъэщIэжыр зэтщIэкIри, нэхъри фефIэкIуэну, фи зэфIэкIэр Лъагэ хъуну си гуапэщ», – жиIащ Езауэ Анзор пшыхьыр кьыщыIэуихым.

Апхуэдэу министрым кьыхигъэщащ мыгъэрей зэпеуэхэм кьыщыкъэжаныкIаехэм анэдэлъхубзэхэмкIэ, урысибзэмрэ литературэмкIэ, есэпымрэ технологиемкIэ, дунейкэгъуэгъэжьагъэ биологиемкIэ, технологиемрэ гъуэзджэмкIэ зэфIэкIышхуэ кьызэрагъэльэгъуар.

«Дызытет дунейр апхуэдизкIэ цыкIу хъуащи, щы хъуремий и зы къуапэм щыIэр напIэзэпIэм адрей кьуапэм щыIэм лъэIэс. Ар зи фIыгъэр, дауи, дунейпсо бэдджыхькIэ дызэджэ интернетращ. Шэч хэмыльу, ар кьыззэрпхуэгъэIурыщIэ, щIыналъэмрэ мыкIагъэмрэ я зыужьынигъэм зэрыпхуэтгъэлажьэ хуэдизщ и щхьэпэ къызэрикIуэнур, ауэ, хьэкIыр араущи, интернетым нэхъыбэу щыIэкIэр зэрыкъыщхуэжьэ я бзэхэращ. Дызыкъущы лъэпкъ мащIэхэм я бзэхэр абы нэхъ мащIэуэщ къызэрыщыгъэльэгъуар. Дызыхуэмысакъыжмэ, ди анэдэлъхубзэхэр я лъэкIынигъэм кIэричуэр гуащIэмащIэ хъунырщ абы дызыхуишэнрэ. Арыхьэуи, интернетыр ди бзэм и хьумэным тедгъэлэжьэну дыхуеймэ, кьыщIэуэ щIалэгъуалэм ар фIыуэ яльагъэу я къэгъэтэджыныр япэ лъэбакъэу тчын хуейхэм ящыщу кьызолытэ. Анэбзэм хуэгумащIэ ныбжьыщIэм ар зыщIигъэхунукъым, абыкIэ информацэ кьилъыхъэныи иужь итынущ. Мы гъэм екIуэкIа зэхьзэзэхуэхэм кьагъэльэгъуащ анэдэлъхубзэхэмкIэ зэфIэкI хъарзынэхэр зыбгъэдэлъ щIэблэ мымащIэ зэрыдиIэр. Мыгъэрей хэгъэгупсо зэпеуэхэм хэтэ ныбжьыщIэхэм къагъэльэгъуащ тхэнымкIэ есэныгъэфIэхэр зэраIэр, бзэ хабзэм ехьэлIа Iуэхуэгъэ щхьэхуэхэм мыбзаджэу зэрыхащIыкIыр. А лъэныкъуэмкIэ егъэфIэкIуэн хуей Iуэхуэгъэ мымащIэу щыIэми, иджыпсту дыздыныэса лъаганиIэхэми ущыгурыIыкI хъуну кьызыдэтIэ. Зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым анэдэлъхубзэхэм жьантIэр зэралыгъэсэныхьэр», – жиIащ министрым.

Урысейпсо зэхьзэзэхуэхэм я къэралпсо Iыхьэм щытекIуэ еджакIуэхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ сом мин щэ ныкъуэ-щэ ныкъуэ, къыщыкъэжаныкIаехэм мин тIощI-тIощIрэ тхурытхурэ иратынущ. Урысейпсо зэхьзэзэхуэхэм я щIыналъэ Iыхьэмрэ анэдэлъхубзэхэмкIэ хэгъэгупсо зэпеуэхэмрэ япэ ущыпIэ кьыщыхьыхьа еджакIуэхэмрэ абыхэм я унэтIакIуэхэмрэ сом мин пщыкIутку-пщыкIутку хуагъэфэщэнущ. Зэпеуэ зыбжанэм ущыпIэ кьыщыхьыха сабийм иратыну ахъшэ сугъэтыр зэхалъхьауэ иратынущ.

Курыт еджапIэхэм щрагъэдж дерсхэмкIэ екIуэкIа зэхьзэзэхуэхэм щытекIуэхэмрэ къыщыхэжаныкIаехэмрэ папщIэ КЪР-м и Iэтащхьэм и саугъэтэр 2021 гъэм ягъэувауэ щыта. Iэтащхьэм къыщIэнащ ужиIэрэ ящыщыкIэ, ар хузунэтIащ еджакIуэхэмрэ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхуэщ Iэхэм щылажьэ егъэджакIуэхэмрэ я зэфIэкIым хэгъэгъуэн папщIэ къэралым дэIэпыкъуныгъэ етыным.

Бзэ зимыIэж лъэпкъыр лъэпкъыжьккым, жьитIэ зэпытщ. Шэч хэлъкъым, къыддалъхуа анэбзэм и къэкIуэным дроIейтей, ар жьилагъуэм щыщ. Iэтащхьэм ди зэхуэдэ хъунрэ фIыгъуэу къыщыгъэтIысхьэ, и пщIэр къызэрытIэтыным теухуауэ диIэ гумэщIыгъуэхэр, гупсысэхэр, Iуэху епIыкIэхэр кьыдоIуатэ, утыкум идмыгъэкIыу дытопсэлъыхь. Зэхьзэзэхуэхэм анэдэлъхубзэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр дагъэуэншэу кьрахьэлIащ, щыжаIэм дежи умыгугъфIэкIэ Iэмал иIэкъым. Пэжщ, сыт хуэдэ ехьулIэныгъэри гухэхъэщ, ауэ лъэпкъыбзэм и цIэр кьащIауэ, абыкIэ щыIэныгъэ дахэ ягъэлъэгъуащ, щыжаIэкIэ гугъапIэхэр умыщIыкIэ Iэмал иIэкъым. Ди фIэщ мэхъу ди бзэм иIэ гулъытэр кьызэрызэщIэуэжьынур, абы и лъэныкъуэкIэ зыщымысхьажу Iэнатlэм пэрыт ди егъэджакIуэхэм я лъэр щIэзыгъэкI Iуэхуэгъэ куэдкIэ къэралми жылагъуэми кьызхалъхьэну. Хэгъэгупсо зэпеуэхэм щытекIуэхэмрэ я кьыщыкъэжаныкIаехэмрэ я кьарур нэхъыбэ хъуну, анэдэлъхубзэхэм я Iэфлагъдахэгъ псори дунеишхуэм хэIущIыкIу зэращIын зэфIэкI какъуэжьыну ди гуапэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Iэнатlэр йофIакIуэ

**УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ «Уэзышагъэр хьумэныжмкIэ технологиещIэхэр» лъапкъ проектым теухуауэ екIуэкIа зэIущIэм щыжиIащ Урысейм щащэ хущхъуэхэм я процент 63-р къэралым кьыззэрыщыщIагъэкIыр. Абы и псалъэхэм кьыззэрыхэщамкIэ, а Iуэхум хэкум зэрызыщрагъэжькъым и фIыгъэкIэ хамэ къэралхэм кърашхэр процентэ 4,5-кIэ нэхъ мащIэ хуэщауэ икIи я уасэхэри нэхъ егъэзырабгъуэ.

А унэтIыныгьэр адэкIи зэрегъэфIакIуэлъхъэр къыгъэльэгъуащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Мишустин Михаили. «Iэмал имыIэу щIыхуэхэр зыхуэныкъуэ хущхъуэу къэралым кьыщыщIагъэхIэхэм я бжьыгъэм процент 90-кIэ, медицинэ хьэпшыпхэм процент 40-кIэ хэдгъэхъуэну ди мурадщ», - жиIащ абы.

Ябынкьуэ хамэ хэралхэм Урысейм кьыхуэIэ хъуа щытыкIэм ижь кьыщIеху медицинэми. УФ-м Уэзышагъэр хьумэныжмкIэ и министерствэм и онколог Карпин Андрей зыззэрипытамкIэ, щIэныгъэмрэ медицинэмрэ дунейпсо политикэм епхауэ щытын хуейкъым икIи а унэтIныгъэмкIэ къэралхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр кьыззэрIIасхэр къеззгъэкъркъым. «Апхуэдэ зэхущытыкIэхэм ди къэралыр Iуэхуэщхъуэ куэдым тригъэгушхуащ, абыхэм ящыщщ хущхъуэ кьыщIэгъэкIынри. Зэманым кьигъэльэгъуащ а Iэнатlэм ехьулIэныгъэ хъарзынэхэр зэрыщIэзэгъэхъулIэфар икIи адэжь зэрызыдыжьыным дыхущIэкъупхъэщ», - жиIащ абы.

Я еплъыкIэхэр зэщхьэщокI

Дунейпсо зэхущытыкIэхэмкIэ европей советым иригъэкIуэкIа къэхутэныгьэхэм къыззэрагъэльэгъуэмкIэ, Европэм щыпсэужьхэм я нэхъыбэм Урысеймрэ Украинэмрэ я зэныкъуэкъым Киев текIуэныгъэ къыщихьыным шэч къытрахьэу хущIыщ.

ЩIэупщIэныгъэм хэтахэм я Iыхьэ щаIэм къальытэ я зэныкъуэкъыр зэпсэльэныгъэкIэ зэфIэхьыну, процент 31-м къагъэльэгъуащ зэпэщIэтыныгъэр Урысейм и текIуэныгъэкIэ иухынкIэ фIэщхъуныгъэ нэхъыбэ зэрыщыIэр. Апхуэдэуи Европсоюзым хьыхь къэралхэр куэд Украинэм и зыхьумэныныгъэм трагъэкIуадэ мыпхъуи хэгъэхъуэныкIэ арэзакъым.

Украинэр Европэ зэгухэзныгъэм хэгъахьэныкIэ а къэралхэм щыпсэужьхэм я епIыкIэрэ хэпщIыкIыу зэщхьэщокI. Iэхум и тепльхэ Португалиер, Эстониер, Швециер, Польшэр. Абыкъэ арэзэрызыджьыным дыхущIэкъупхъэщ», - жиIащ абы.

Бадзэуэгъуэм и 4, *махуэгу*

♦Кооперативэм я дунейпсо махуэщ

♦1766 гъэм кьалъхуащ убыхэм я дзэпщ цIэрыIуэгу щыта, Кавказ зауэм и лIыхъужь **Бэрэздж Дзугумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил.**

♦1920 гъэм кьалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къэбард.**

♦1967 гъэм кьалъхуащ тележурналист **Жэман Мадинэ.**

♦1975 гъэм кьалъхуащ дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Бажэ Заудин**.

Дунейм и щыкIыэнрэ

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр текьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 – 27-рэ, жэщым градус 18 щыхьэнущ.

Бадзэуэгъуэм и 5, *мэрем*

♦Лэжьэрейм и дунейпсо махуэщ

♦1957 гъэм Налшык Лениным и фэеплъ кьыщызэIухакIащ.

♦1663 гъэм кьалъхуащ Къэбэрдейм и пщы уэлий, Кьэнжал зауэм текIуэныгъэр къыщызыхьа адыгэдзэм и пашэу щыта **ХьэтIохъущокъуэ Гуэгъуокъуэ**.

♦1900 гъэм кьалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Абыкъу Хьалид.**

♦1930 гъэм кьалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд**.

♦1941 гъэм кьалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Даут Юрэ**.

♦1946 гъэм кьалъхуащ КЪР-м щыхьэ зиIэ и юрист, СССР-м спортымкIэ щыхьэ зиIэ и мастер **Алий Сулеймэн**.

♦1963 гъэм кьалъхуащ КЪШР-м и Къэшхэ Зэхуэсым и депутат, «Абазашта» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КЪШР-м щыхьэ зиIэ и журналист **Къул Фирдаус**.

Дунейм и щыкIыэнрэ

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 – 31-рэ, жэщым градус 18 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

КъэхъункIэ хъуну шынагъуэм зэрыпэщIэувэн, ар гъэзэкIуэжьин, уеблэмэ апхуэдэ щытыкIэ бзаджэ щыхур имыхуэн папщIэ иIэн хуей щIэныгъэмрэ есэныгъэхэмрэ щIалэгъуалэм ябгъэдэлъхьэныи теухуащ «Шынагъуэншагъэм и еджапIэ» зыфIаща щIалэгъуалэ пэхуэщIэм и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэр.

ЗЫМ и ДЕЖКIИ щэхукъым гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэм зи нэгу зезыгъэужь цIыхум сакъыныгъэр зэрыIущIыкъуэ, фIыуэ имыцIыкъу щыпIэхэм кьыщыпIэплъэ шынагъуэхэр и гущхьэ зэрыдымыкIыр. Мис щхьэусыгъуэр къыльытащ иджыблагъэ «Шынагъуэншагъэм и еджапIэ» зыфIаща щIалэгъуалэ пэхуэщIэр кьыхилъхьа жэрдэм щIагъуэхэр. Абыхэм ящыщщ Налшык къалэм Хьэрэ-Iуэхуокъуэм и жыг хадэмрэ Зеикъуэ цIыкIум и лъапэм щIэт псыхъуреймрэ щекIуэкIа еджэныгъэхэр.

Фигу къэдгъэкIжьынщи, гуэзэвгъуэ хэхуа е фэбжь зытеуа цIыхум япэ дэIэпыкъунгъэр зэрырат щыкIэкъи хуеГъэсэнымк, бгыпъэрызекIуэ фащэм хащыкIыу, щытыкIэ кьыззэрымыкIуэхэм кьыззэрыхкIыжьфIи Iэмалхэр кьагъуэтыфу щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэныр. Iуэхуэ дерсхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и Iуэхуэ Iапl эм и лэжьакIуэхэм жэрдэмыр кьыхэзылъха «Альтаир» щIалэгъуалэ хасэм хэт ныбжьыщIэхэм кьыззэрыратар. Ахэр щыгъуаз хуащIат къупщхьэ, жуугъаз, япэ дэIэпыкъунгъэ зэретын, гумрэ тхьэмбылымрэ яГъэтэ фэбжьхэм зэрыбгъэдыхьэн, лъыр куэду щыбгъэкIуэдам, мэхам зыкьыззэрегъэщIэжьхэм хуей Iэмалхэм.

ЩIыхьэ зыхэхуа щытыкIэ кьыззэрымыкIуэм кьыхэзылъным хуэунэтIауэ щIалэгъуалэм зыщIагъэдэIуэрэ псынщIэу зэрапхъуатэм кьыхэкIыу, кьыззэгъэпэщакIуэхэм трауэхуат псым и шынагъуэкъэ къызэрызэранэкIынум техуа дерсхэри иратыну. Апхуэдэу жэрдэмым кьыхихьахэр лъэпощхьэпо кьахуэхъункIэ хъуну псыежэхым зэрызэпрыкIыфынуIэмалзэмылIэужьжыгъуэхэм зыхуагъэсащ, Налшык псыежэхым и чэнжьпIэм дежи Iуэхуэгъуэ зыбжанэ щрагъэкIуэкIащ: брам псынщIэкIэ псыуэрыр зэпаупщIащ, кIапсэ зэрыжьзамкIэ, псыежэхым кьишэ пэрыуэгъуэхэр кьыззэнкIыным екъэлIауэ ныбжьыщIэхэр кьыщIэхуэмэ, кьыкIэлъыкIуэ Iыхьэм хэтыну хуитынигъэ яIэнутэкъым.

Псыежэх псыпощхьэпохэм пэпIащар псыбгъэпIэ, псыIущIа е псыхъурей хуэдэхэм зэкIуэдэжкIэ щынагъуэ зиIэ щIыхуэ кьыззэрыргъэIэ Iэмалхэм зиIтIанэ хуагъэсэну арат. Гъэунэхуныгъэхэм кьагъэльэгъуащ щIалэгъуалэр кьыкIэлъыкIуэ кьагъэлэкIуэ еджэныгъэхэм хэпщэ зэррыхъунур.

ЗэрытщIащи, псыежэхым кьыщыхьыкIыу, псыпIанэ кьуэкIэ щIелъафэ, а щIыпIэр ныджэм пэжьыжьэмэ, щIыхум и кьэгъэлныр къэдкIэ нэхъ гугъу икIи кIыхь ещI. Апхуэдэ щытыкIэ хьэлъэм кьыззэрикIыным епха есэныгъэхэри щIалэгъуалэм зэрыбгъэдалъхьэнум жэрдэмщIакIуэхэр иужь итащ мызыгъуэгурэ. Иужьрей Iыхьэр егъэджэныгъэ пэхуэщIэр кьызэщIэзыкъуэж Iуэхуэгъуэ зэрыхъум кьыхэкIыу, гулъытэ хэха игъуэтащ, техникэ Iэмалхэм нэхъыбэ кьращэIащ.

Еджэныгъэр иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и Iуэхуэ Iапl эм Волонтёркэр гъэхъэзырыным, щытыкIэ кьызэрымыкIуэхэм дежи щIапхъэхэхэм хуегъэсэнымрэ щIыхуэ кьуэдахэр къзгъуэтыжьыным кьыщIэхуэмэ, кьыкIэлъыкIуэ гупым я щIэщэту кьызэрагъэпэщащ.

Псом япэу кьыщIадзащ псым и куупIэм кьыхэкмыкIыжьыф щIыхуэм зэрыдIэпыкъупхъэм: щыIэ шынагъуэншагъэ хабзэхэмкIэ, куупIэм гуэнгъуу убгъэдэмыхьащэу уесылIэу кIапсэ зэрыдза хьэфэ хъурей гъэпщар дзын хуейщ. Ауэ хьэфэм и жьыр зэрыгъэгъэуIэжми, жьы Iурыхъэгъуэ зыгъуэтар бгъукIэ ягъэгъуэлъу жьэдэуа псыр кьыззэрыжьэдгъэкIыжми. Апхуэдэу щIалэгъуалэр щIагъэдэIуащ цIыхур кьыдогъэл жаIэу езыхэр кIуэдыпIэ зэримыхуэну щыкIэхэзэм, ущесылIэкIэ, псым щIэмбырыуэн щхьэкIэхэфэ хъурей пщэхар я бгъэгум илъын, гъунэгъу хуэхъунэ, ягъэпщащ зэрыхуейм.

ЖыпIэнуращи, дерсхэм хэта балигъэхэм ныбжьыщIэхэми ялъэгъуамрэ зэхахамрэ гъэщIэгъуэн къащыхуащ, IэхъуэгъэзэкIыр мыхъуу, я зэфIэкIхэр щагъэунэжу щыпIэхэм еувалIэурэ я есэныгъэхэм хагъэхъуащ. «Ди нэхъыжьхэм Iэджэ Iущыгъи къащIэнащ. «Нэм илъагъу нэ ещIэж», – жьызыIар аха ращ. Хуабжьу сыхуейт мы дерсхэм кьрихьэлIа ныбжьыщIэхэм зыхуагъэджа Iэхъугъуэхэр къагъэсэбэпын хуей мыхъуну, ауэ игъуэджэр кьэхъу хъужьыкъуэмэ, абы зэрыпэщIэувэн щIэныгъэ яIэ хъуащи, екIуу икIи тхьэмыщIэжьэ кьыхэмыкIыу щытыкIэ гугъум ирахьэлIэфынy. ЦIыху гъащIэм ууей-сысей иIэкъым, ар хэт и дежкIи лъапIэныгъэу щытын хуейщи, си фIащ мэхъу ди гупым щыщхэм гъэзэгъуэм хэхуа ирихьэлIа кьыхьэлIэкIэ, абы зэрыдэIэпыкъуфынур, мыпхуэдиз лэжьыгъэ зэтхьэлIа жарэдэмрэ дэтхэнэми кьещхьэпэну», – жиIащ Мокаев Тенджэз.

Апхуэдэу ЩIалэгъуалэ хасэм къыхихьэщащ кьэпщытныгъэхэм пхьэIа ныбжьыщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и Iуэхуэ Iапl эм кьыбгъэдэкIыу цIыхум япэ дэIэпыкъунгъэр егъэгъутынымкIэ курсхэр кьызэрызэранэкIам, «Шынагъуэншагъэм и еджапIэр» кьызэраухам щыхьэт техьэу тхьылъхэр иратыжынущ.

ЖыIэн хуейщ а жэрдэм щIагъуэр илъэсий зэрыгъэгъэкIуэкIыр. Мы гъэм пхуэщIэр кьызэрагъэпэщащ КЪР-м Курортхэмрэ туризм хуэIуэхущIэхэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэс къэмыгъэхъунымкIэ и Iуэхуэ Iапl эм, Урысей географие зэгуэхэмгъэм и Iэ ззэщIакIуэ гупым я нэIэ щIэту.

ТАБЫЩ Мурат.

Кавказ инвестицэ зэхуэсыщхуэ

Бадзэуэгъуэм и 15 - 17-хэм Шэшэн Республикэм щекIуэкIынущ илъэс къэс зэхашэну зэрызэгурыIуа Кавказ инвестицэ зэхуэсыр. Мы гъэм ар етIуанэу щытынущ. Япэр Минводы къалэм нэгъабэ щрагъэкIуэкIащ.

ИДЖЫРЕЙ инвестицэ зэхуэсым, «Кавказыщхъу – тенджызым къыщыщIэдзауэ тенджызым нэсыхукIэ» зыфIащам щытепсэлъыхьынущ Кавказ Ищхъэрэм, Урысей Ипщэм, СНГ-м хэт къэралхэмрэ Каспийм, тенджыз ФIыщIэм я Iуфэм кьыIуэ хэкуэмрэ я инвестицэ зэфIэкIхэр зыхуэдэмрэ абыхэм зегъэужьыныкIэ щыIэ Iэмалхэмрэ. Апхуэдэуи зэхэгъэзэнущ щIалэгъуалэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ хуэунэтIа программэшхуэхэр.

Зэхуэсым щагъэльэпIэнущ икIи сауГъэтхэр иратынущ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм инвестицэм зыщIегъэужьыным, экономикэр кьыщIэтыным хуэгъэпса, къэралмыхьэнэ зиIэ пахуэщIэхэр кьыхъэлIуха Iуэхуэщ Iапl эхэмрэ зэхашэрэ щыIэхэмрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым абы щигъэльэгъуэнущ республикэм и инвестицэ зэфIэкIхэмрэ щыкIэмрэ яхуэгъэпса стенд щхьэхуэр. А махуэхэм ди щIыналъэм и мэкъумэщ, промышленнэ Iуэхуэщ Iапl эу 18-м я продукцэхэр зэхуэсым кьрихьэлIаxэм я пащхьэ иралъхьэнущ. Абыхэм яхэтщ «Терекалмаз», «Эрпак», «Гиполит», «Щэджэм-Агро» Iуэхуэщ Iапl эхэр, «Жако», «Налшык-IэффIыкIэ» фабрикэхэр, «Фрукт-Трейд» пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэуи бжьыгъэ я Iъабжьэу инвестицэ зэхуэсым утыку кьыщрахьэнущ республикэм и экономикэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэну кьалъытэ Iуэхуэгъуэхэм хьыхь пэхуэщIэхэр: пхъэщхьэмыщхьэхэр кьыщагъэхъу теплицэ комплексхэр, илъэс хъурейкIэ лажьэ «Iуащхьэмахуэ» турист-рекреацэ комплексыр, Тырныауз къалэм вольфрамрэ молибденрэ кьыщыщIах комбинатыр, Налшык къалэм и «Мей», «КъуэкIыпIэ» хьэблащIэхэр зэIуэзэпэщу кьещIэкIыным теухуахэр, ИТ-парк Налшык кьыщыщIэхьыныр.

Республикэм и стендым дежи лэжьыгъэ и пIалъэкIэ зэхъуэжьным теухуа зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIынущ, зэгурыIуэныгъэхэр щызэращIынущ, щэнхабзэ Iуэхуэгъэхэри щыкIэхэзэм щызэрагъэпэщынущ, щэнхабзэ Iуэхуэгъэхэри щыкIэхэзэм зэхуэсыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Махуэгъэпс

Лъэныкъуэ куэдкIэ къыпхуоупсэ

«Лъакъуэрыгъажэм и махуэ» зыфIащар гъэлъэпIэныр къыщIыхалъхьар узыншагъэм телажьэ гъащIэ ехьэжкIи зэрыхуейм щыхуэгъэр ящагъэупсыным папщIэщ.

И гурэлъэпIэкIэр къэрал псоми щызэхуэдэщ: къалэшхуэхэм лъакъуэрыгъажэ зэмылIэужьжыгъуэхэр щагъэлъэгъуэ утыкуэр кьыщыщIэуах, здэдж зэмылIэужьжыгъуэхэр щрагъэкIуэкI, зекIуапIэхэм гуп-гупурэ щызэхуос, зэхьзэзэхуэ-зэпеуэхэр кьыщыззрагъэпэщ, текIуаэхэм гукъынжэ тыгъэжэ ират.

ЗыгъэпIалIэкэр мы махуэм, бадзэуэгъуэм и 3-м, автомобиль итIысхьэрыкъым. Апхуэдэ зыззтеIыгъэкIэм кьрикIуэу, Москва къалэ и закъуэ узынщагъэм хуэмыщхьэпэу хьэуам хаутIыпщхэ гъэзэхэм зэуэ тонни 2,7-м нэблагъэ щыкIэроху.

Европэм щыIэ къэралхэм ящыщу лъакъуэрыгъажэр нэхъыбэ дыдэу къэзыгъэсэбэпыр Нидерланды жьыуаIэ хэгъэгурц. Зи гугъу тщIы махуэм и мызакъуэу, адрей махуэшхуэхэми лъакъуэрыгъажэкIэ къыщыщIыжьыхьи зыфIэфIэхэр мы къэралым и къалэхэмрэ къуэжьхэмрэ ямылейуэ гупышхуэ щызэрогъэхъур, Iэгъуэблагъэр къызэхажьых. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Нидерландым щыкуэдащ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Тхылъ емыджэр ныбжьэгъу хъуну?

«Тхылъ еджэн хьэл зимыІэ цІыхур гупсысэркъым, гупсысэкІэ ищІэркъым, - апхуэдэу къыщІедзэ мэкъуаэгъуэм и 24-м зи илъэс 70-р зыгъэлъэпІа иджыпхэ урыс тхакІуэ, филологиемкІэ профессор Жаринов Евгений. – Нужьрей илъэс 50-м зы тхылъ къызэрыгъэзэгуфІыкІыр ныбжьэгъу ящІэ зыщІыр, сэ «ныбжьэгъу» куэдым ящІэщІэ зыщІыр абы къыхэкІыу. Ахэр акъылкъым зэрыпсэур, кІэжьэ хьэлым зыдрагъэкІуу аркъуедейц, адрейхэм яхэгъуэщэн папщІэ. «Иджыпсту цІыхухэр мыпхуэдэу щытщи, сэри апхуэдэу сыщытынщ», - аращ и акъылым зэригъэзахуэр».

ЖАРИНОВЫР зытепсэлъыхьыр кІуэрыкІуэм утету къыбгурыІуэн гупсысэхэм зэращымышыр пльагъу пэтми, нэхъыжьыІуэхэр къэгъэнауэ, абы щІэдэІу щІалэгъуалэм я бжыгъэр куэд дыдзыр. ЩІэныгъэлІым нэхъ игу кІуэуэхэм ящІ «тхылъ цивилизацэ» хужаІуэ, цІыхур зыщІалІыкІыу щытта дуней купщІафІэр нэрылъагъуу зэрыкІуэдыжыр.

«Тхылъым къигъэщІа дунейр дыкІэпыІэбэуэрэ мэкІуэдыж. Курыт лІэщІыгъуэхэм зэрыщытам ещхьу, унэр зэрагъэщІэращІэ хьэпшыпу къэкІэ тхылъхэр. Ауэ цІыхум еджэн хущыгъэтынкъым, сыту жыпІэмэ, дунейм щекІуэкІыр къыгурыІуэн папщІэ, абы къыщыхуэхэм гу лъимытэу хъунукъым. Сэ зи гугъу сщІыр ар зэджэм и куугъэшхэр тхылъым къриджэкІам и ГащІэр зэрызэригъэзахуэмрэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, тхылъ купщІэнщэхэр, узэреджэу пщыгъупщэж Іэдакъэщ ІэкІэхэр нэхъыбэ хъущ. Абы къыхэкІыу, тхэнкІэ ерыщ псоми «гений» фІащ. ТхэкІэ, еджакІэ зыщІэр «тхакІуэ» ди зэманым. Тхылъхэм я жинтхэмрэ я тепльэмрэ захъуэж. Ахэр кІуэ пэтми нэхъыбэу бжыгъэр зи тегъэщІапІэ Іэмэпсымэхэм ирагъэзэгъэнущ. ТхылъымпІэм тедза ешы тхылъ дыдзэкІэ ахъшэ зи куэдхэм къащхунущ, губзыгъафэ къатеуэу я хьэщІэхэм хуагъэпІиин папщІэ».

ИгъащІэ лъандэми тхылъ еджэнырэ куэдым яхуэзфІэкІыу щытакъым, Жариновым зэрыжиІэжкІэ. ЦІыху щхьэхуэр тхылъ щІемыджэфыр абы зэрыщІыкІуэрэ ирагъэзэкъыми арац. «Мыр сшхыМ, мор тесшхыхьжьынщ» гупсысэкІэ зиІэ цІыхум тхылъ уемыджэу щІэмыхъунур къыгурыбгъэІуэжьифынукъым, балигъ хъуа нэужь. Абы дежкІэ еджэныр хьэзаб гущІэм и нэщэнэщ. ЗанщІэу фейдэ къызыпэмыкІуэ Іуэхум гугъу зыщІыдебгъэхьынур хуэзгъэзахуэркъым.

«Литературэм и мыхьэнэр фІэкІуэдакъым, - жаІэ щІэныгъэлІым, - ИтІанэ щІэныгъэм теухуамрэ «художественнэ» жыхуэтІэмрэ зэдэмыгъуэгурыкІуэу хьунукъым. Ящрейм тхыдэм, щэнхабзэм, щІэныгъэм епхауэ зэбгъэщІэну узыхуей гуэр къыбох. Нэрымылъагъуу тхэлъ ди зэхэщІыкІым лъэІэс адрейми и мыхьэнэр абрагъэущ».

Жариновыр Зыуэ щыт къэрал къэпщытэныгъэм (ЕГЭ) и бийхэм я щІ. ЕджакІуэхэм хуагъэуэ нагъыщІэхэм мыпэк куэд къыдзэрыхуэр къэпщытэныгъэм Іуп ЫхьэщхуэІ зэрыщІзекІуэм и щІыхьэтщ, ар зэрелъымкІэ. «Дауэ Кавказым къикІа, урысыбзэкІэ дахэ-дахэу мыпсэлъф, заявленэ къудей щыуагъэнщэу зымытхыф сабийжэм ЕГЭ-мкІэ нагъыщІэхуэхэр къызэрахьыр? ЕГЭ-м узыщІагуфІыкІын зыри хэткъым. Математикэмрэ физикэмкІэ зыгуэр хэлъми сщІэркъым, ауэ урысыбзэмрэ литературэмрэ иригъэфІакІуэу зыри хэмылъу арац. Псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, ЕГЭ-м тхылъ уеджэнри мыЗамалынщэу егъэув. Тхыгъэм щекІуэкІыр кІэщІу жыпІэжмэ зэфІэкІащ. ЛитературэмкІэ щІэныгъэ зэгъэгъэтын зэрыхуей Іуэхур псалъэзэблэдз пщІыжьым ещхь хъуащ. Ар щыуагъэ егъэлеящ, апхуэдэу тхылъым ухущыт хъунукъым. Си щхьэкІэ ЕГЭ-р щат зэманым си ныбжьыщІэгъэур ирихьэлІамэ, зэи филолог сыхьунутэкъым. Дэри къыддеджащ я цІыхугъэхэм къыщІагъэтІысхьа, зи адэ-анэм къадыгуэ мыпГкъур Іуп ЫхьэкІэ ягъэкІуэдыжуэ дипломрэ къэзыхьэр. Ауэ сэ еджэнкІэ зызгъэнщІыртэкъым, си ныбжьэгъуэм я нэхъыбэри я псэм фІэфІу еджэрт. Школьм дыщщІэсам щыгъуи, гупсысэкІэм драгъасэрт. Тхылъхэм уемыджэмэ, сочиненэр пхэтхынукъым къыджаІэрти, абы егупсысыжьын хуейтэкъым, пэжти. Иджыпсту ахэри щыІэжкъым».

«Уи гум илъыр тхылъымпІэм къыщыпІуэтэфынур насыпышхуэщ, - и гупсысэм зрегъэжь профессорым. - ЕгъэджакІуэу сыщыщытат тэтэр щІалэ щыкІу гуэр езгъэджат. «ЩІыуэпсым нэхъыфІ дыдзу щыслъагъу дурэш» сочиненэ итхын хуейти, гугъу иримыгъэхьу зы мэскъал къыхэмынэжауэ, гупсысэрт щІалэ щыкІыр. И унагъуэм зэрыщІэзэпсалъэр тэтэрыбзэ защІэти, урысыбзэм и дахагъэр яхуибудыну хэтт. СочиненэкІэ фІэкІа, уэхтми дуней щыжумыІэр къыпхуохуэ, ин ухъуху. Иджыпсту апхуэдэ сабийжэм щІеджэн щхьэусыгъуэр ІэщІачащ».

Гу зэрыпльэгъуафІэщи, Жариновым ныбжь зиІэ дэтхэнэ цІыхуми хуэдэу, «ди зэманым зэрыщытар» гупсысэхэр и куэдщ. И ІтІани, езым бгъэдэлъ щІэныгъэмрэ ар къыщІэриІуэтэ бзэмкІэ уэзрыдихьэхьэм нэмыщІ, мыхьэнэ зиІэ, ауэ пщІэ зыхуамыщІыж тхылъ еджэныр, литературэр фІыуэ лъагъуныр, зыужьыныр, екІуу псэлъэныр цІыху згъэсэнщ жьэІэм зыІэщІигъэкІ мыхьуну Іэмал лъэпІэу зэрыщытыр щІэхьэщІэхьу диГу къеГэкІыж.

КъаутІыпщыжащ Ассанж Джулиан

«Викиликс» хъыбарыбэ хэщІапІэр къызэзыгъэпэща Ассанж Джулиан «Белмарш» тутнакъэщым къикІыжри, езыр къыщалъхуа Австралием кІуэжащ. Дауэ ауТІыпщыжа илъэс бжыгъэ хъуауэ я ІыгъкІ, ныкъуэдыкъуэ я щІыным нэса щІалэ хейр?

ТУТНАКЪХЭР тКІийуэ щаІыгъ лІэужьыгъуэм хеубыдэ щІалэр щаІыгъа, Великобританием и «Белмарш»-р. Абы и блын зэхуакум журналист цІэрыІуэм щигъэкІуащ махуэ 1901-рэ, пmoри зэхэту илъэс 14. Ассанж и жужьрей судыр Мариан хьІІыгуэхэм я Сайпан зи цІэм щекІуэкІащ мэкъуаэгъуэм и 24-м. ЦІыхуэхэм ялъэгъащ хуит хъужа щІалэр Австралием кІуэ кхъухьлъатэм зэрритІысхьэр.

«Ассанж яГъатІысын папщІэ, абы и лекцэхэм я зым, япэ сатырым бостей плъыжь зыщІыгъ хъыджэбз дахэ къытрагъэтІысхьэри, абы зыкъыкІэрищІэщ, иужькІэ екъуэнэшэкІа хуэдэу утыкум кьилъадэри, апхуэдэ ІэмалкІэщ ягъэтІысауэ зэрыщытар», - етх политолг Марков Сергей.

«ЩІэхуу къэнапхъэ хъыбархэр зэрызэбгритыкІам къыхэкІыу» - аращ фІащар щІалэр зэрагъэтІыса щхьэусыгъуэ нэхъ иным. Псалъэм папщІэ, сыт хуэдэ? 2010 гъэм США-м и дзэм щыщ жьыхульатитІ Багдад щхьэщыхьэри, зуэзн Іуэхуи зезымыхуэ, Іэщи зымыІыгъ цІыху мамырхэм яхэуауэ щытащ. А видеор «КІуэрыкІуэм тету яуКІахэр» фІищри зэбгритыкІат Ассанж. ХэкІуэдахэм Ираким щыщхэм я гъусэу уэрамым дэта американ журналиститІ яхэтауэ къыщІэкІат. НэгъуэщІу жыпІэмэ, армырами лей зехьэнкІэ хуит сыт щыгъуи зызыщыІыж Америкэм и журналистхэр зэриуКІыжар сэтейм къытехьауэ щытащ Ассанж и фІыгъэкІэ.

Апхуэдэ дыдэу дунейпсо цІыхубэр къигъэІуэбжьат Джулиан Афганистаным щекІуэкІ Іуэхугъэ мыхъумыщІэхэр къызэрыщІэщамк. 2010 гъэм американыдзэр афган мамыр цІыхубэм 144-рэ ебгъэрыкІуауэ щытащ, езыхэм я цІыхуэхэр абдежми щалэщІэуклІэжат, щІэпхъаджащІэхэм я тепщэ гуэр Іуахыну хэтрэ пэт.

Ассанж нэхъ къыхуэмыгъуа дыдэу щытар США-м президент хэхыныгъэхэр щыщкІэкІуэкІым, Клинтон Хилларирэ абы зыдигъэІэпыкъуа Подестэ Джонрэ я зэхуэтхэныгъэхэмрэ абыхэм ядернэ Іэщэм епхауэ яІа зэгурыІуэныгъэхэмрэ къызэригъэнэІуарт, псапэхэущІэ хуэдэу зэІэпаха мыпГкъури сэтей къыщІауэ щытащ.

ФигъэщІэкІыжьжащ, Ассанж зы гъащІэкІэ пхуэмыпшынынку тутнакъ тезыр (илъэси 175-рэ) къытралъхьа нэужь, Эквадорым и посольствэ Лондон щыІэм 2012 гъэм щтапІэ щихьауэ щытащ. «Лей зэрызэрихьамкІэ» хэзыгъэзыхьыр Швециерт. 2019 гъэм Эквадорым и псалъэр ихьэжри, журналистым кІуапІэ къыщыхуэмынэм, Инджылызым и ГьэпсыкІэм ирадзат, США-м щащэну махуэм пэплъэу.

«Ассанж Джулиан къыщыщІам КъухьэпІэм и демократием и напэр трихащ», - жиІауэ щытащ мы Іуэхум теухуауэ Урысейм хамэ къэрал ІуэхуэхмкІэ и министр Лавров Сергей.

Иджыпстурей Іуэхукіэ, Ассанж США-м юстицэмкІэ и министерствэм хигъэзыхьри, наІуэ къэпщІ мыхъуну хъыбар утыку къызэрырихьамкІэ зыкъыумысащ, адрей къытрамыдзахэр тригъэкІыжыну псалъэ Іахащ. ИтІанэ илъэситху къытралъхьэ хуэдэу унафэ къащтэри, ар илъэс бжыгъэ зэрыщысам хагъэкІыжащ. ИужькІэ ІэгуауэзыхуэкІэ ирагъэжьэри, Канберрэ, Австралием лъэтэжащ. Джулиан и уэчылым зэрыжиІэмкІэ, Ассанж лэжьэну хуитщ, ауэ США-м ихьэн папщІэ, хуитныныгъэ щхьэхуэ къыІихьин хуейщ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм иджыблагъэ щекІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щытащ щІыналъэм и музейхэм я Іуэху зэІумыбзхэм. Зэхъхьэм унафэ щащІащ республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щыІэ музейхэм зрагъэужьыну. ЗэІущІэм хэтащ жылагъуэ Іуэхущапіэхэм я лІыкІуэхэр, музейхэм я унафэщІхэр.

ЖЫЛАГЪУЭ палатэм щэнхабзэмкІэ, щІэинхэр хъумэнымрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комиссэм и унафэщІ Атмурзаев Магомед къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм и щІыналъэ 13-м музей зэмылІэужьыгъуэхэр зэрыщылажьэр.

- КъБР-м и Лъэпкъ музейм и къудамэ я щІыналъэхэм щыІэщ. Республикэм и куэрт еджапІэхэм школ музей 57-рэ щолажьэ. Музейхэм я мыхьэнэр, абыхэм я фІыгъэкІэ тхыдэ фэеплъхэр хъума зэрыхъуэр, а псом цІыхухэм зэрызрагъэужьыр къэлъытэн хуейщ, - жиІащ Атмурзаевым.

ЗэІущІэм хэтхэр тепсэлъыхьащ республикэм и щІыналъэхэм музейхэм зыщрагъэужьыныбм зэран хуэхъу Іуэху зэІумыбзхэр зыхуэдэм. КъагъэлъэГуащ музейхэм зэрызэужьыныбм мылъку зэрамыІэм кхъэхкІыу абы щІэлъ хьэпшыпхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ зыхуэи зэрыхуамыІъэзэфыр, абыхэм я бжыгъэм къыззрихамыгъэхъуэфыр, я пэшхэм зэрызрамыгъэбгъуфыр, улахуэр зэрымащІэм я Іэщащъэм и пщІэр зэрыриудыхьыр, ІэщІагъэлІэхэми зэрыхуэныкъуэр. Республикэм и щІыналъэхэм щыІэ музейхэм лэжьакІуэ къаззремэщІэкІым къыхэкІыу, абыхэм щІэлъ хьэпшыпхэм теухуа хъыбархэр УФ-м и Музей фондым и Къэрал каталогым хэгъэхьэным теухуа лэжьыгъэм щыхуэмыис кхъохъу.

Іуащхьэмахуэ щыналъэм Отаров Омар и цІэр зезыхьэ и Іуахэхутэ музейм и унафэщІ Этезовэ ФатІимэт зэІущІэм щытепсэлъыхьащ я Іуэхущапіэм зрагъэужьыныгъэ хуащІ музейм и зыужьыныгъэм. Станицэм и музейм зи нэІэтезыгъэт совет къызэрагъэпэщащ. Музейр къызэІуахынымкІэ къадзэпсалъэкуащ Уг Плъыжьым и Къэрал Тхыдэ музейм и унафэщІ Левыкин Константинрэ абы и лэжьакІуэхэмрэ. Іуэхущапіэм щахъумэ хьэпшыпхэр зэхуахьэсащ Котляревскэ станицэм щыпсэухэм. Ар ящыщщ УФ-м и Къэрал музейхэм я реестрым хатхахэм. Абы щахъумэ хьэпшып 11030-м щыщ зыкъом. УФ-м и Музей фондым и Къэрал каталогым хагъэхьащ. Иджыри лэжьыгъэшхэр къаГэпэщыпщ яІэ псори абы хагъэхьэным теухуауэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ Санэ Иннэ зэрыжиІамкІэ, мы гъэм и мазэ блэкІам къриубыдэу муниципальнэ музейхэм «Щэнхабзэ» лъэпкъ Іуэхур гъэзэщІэныр нэхъ къайхъулІащ, блэкІа илъэсхэм ебгъапщэмэ. «Культурная среда» лъэпкъ Іуэхум хихьэу, 2022-2023 гъэхэм ахъшэ ираташ щІыналъэхэм щыІэ музейхэм зыхуэныкъуэ къащІэхун папщІэ. 2022 гъэм Іуащхьэмахуэ, Дзэлыкъуэ щІыналъэхэм я музейхэр зыхуей Іэмэпсымэхэм сом мелуаныи 3-м щигъу трагъэкІуэдащ. 2023 гъэм Шэджэм къалэм и тхыдэ-лъахэхуэ музейм щІэлъ хьэпшыпхэр яхуэмэн папщІэ зыхуэныкъуэхэмкІ, дапхъэхэмкІэ, нэгъуэщІ ІэмэпсымэхэмкІэ зыхьэрагъэпэщыным хухахащ сом зы мелуаныи щІигъу.

ЗэІущІэм кърикІуахэр къыщищІэтыжьым, Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Берд Хьэзрэталий къыхигъэщащ музейхэм хьэпшыпхэр, гуэздэжь лэжьыгъэхэр щагъэпытагъуэ къудей мыхъуу, иужьрей зэманым щІыхуэр щІэхщІэхьуэрэ щІэзэхуэс, щэнхабзэ, литературэ зэхъыбхэр щрагъэкІуэкІ зэрыхъуар. Берд Хьэзрэталий жиІащ республикэм и музейхэм я лэжьыгъэр, зыхуей-зыщщІэхэр къапщытэну, абыхэм зрагъэужьыну къаззрыпэщыныр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Дэ къытхуатх

Сыт Украинэм зауэр щІимыгъэувыІэр?

Ди щІэджыкІакІуэхэм фІыуэ яцІыху ПЩЦІЫЙ Сулътан къытхуигъэхьа тхыгъэм ди къэралыр иджыпту зэрыт щытыкІэмрэ абы къыхэкІа зэрыхъунымрэ тхуэгъэ и гупсысэхэмкІэ къыщыддогуашэ.

«УКРАИНЭМ Урысейм зэгурыІуэныгъэ ирищІыпІэу, иджыпсту хуэдэу зауэр щигъэувыІэфын зэманыфІи, Іэмали, щхьэусыгъуи игуэтыжьнукъым, сэ сызэрелъымкІэ. Ящрауэ, Зеленскэр президентыжьхъым, и пІалъэр иухащ. АтІэ сыт Украинэр зыпэплъэр? Зауэр къигъэувыІэу, президент хэхынигъэ иригъэкІуэкІ щхьэ мыхъурэ? Ар зыхуэзфІэкІыну, зи пщэ дэлъу кьилъэтэр США-м и президент Байден Джющ, къыбгурыІуэ зэрыхъунумкІэ. Къухьэпіэ Европэм щыщ къэралхэри зыпэплъэр США-м и президент хэхынигъэр зэрирухынырщ. Ар зэфІэкІрэ Байден президенту къэнэжмэ, псори, кьанэ щымыІэу, нэрылъагъу хъунущ итІанэ. Куэд димыхьу, Байден зауэр къигъэувыІэнщи, Украинэм президент хэхынигъэ щигъэкІуэкІынщ. ЕтІуанэ пІалъэкІэ Зеленскэр президенту хахьжмэ, сэлэт хъуэмынэжьыху зэуэнщ. Шэч хэмылъу, апхуэдэ щытыкІэм ирагъэувэнкІэ зэрыхъунум тогузэвых Украинэм и цІыхубэри.

США-м и президент хэхынигъэм Байден Алыхьым щытримигъакІуэкІэ! Си фІэщ мэхъу цІыху куэд дыдэм, мамыр псоуКІэр зэтеувэжыным и телъхъэхэм ар я хъуэпсапІэу зэрыщытыр».

Хунзхэр илъэсищэкІэ мэпсэу

Гималай къуршэм, Индиемрэ Пакистанымрэ я зэхуакум дэлъ щыпІэм лъэпкъ гуэр щыІэу жаІэ, я цІыхуэхэр ику иту зэрыпсэу ныбжьыр илъэси 150-м нэсу.

ГъАЩІЭ къызэрыгуэкІ, гупсэхуГъэ, зэхуущтыкІэ узынщэ – а псори «хунэ» лъэпкъым щыщхэм я дуней тетыкІэм къыдэкІуэ насыпщ. И щхьэусыгъуэу кьалъытэри шхын кьыхэхькІэ зэращІэмрэ сэбэп зыхэмыльэ Іуэху зэрыхэмыльэмрэщ.

Кашмирым и ищхъэрэм хуэзэ щыналъэм щыпсэу хунэхэр псори зэхэту цІыху мин пщІы бжыгъэщ зэрыхъуар. Я анэдэлъхубзэр – «бурушаски» жыхуаІэ, езы дыдзэм тхэкІэрэ еджэкІэрэ щІагъуэу зэрамыщІэ бзэрщ. Псымрэ пхъэмрэ кьаззремэщІэкІыр, къурщым зэрисыр, щІыпІэр бгьапІэу, мыяз хэзу зэрыщытыр, хьэуам и хуабагъри арэзы узыщІ льагагъым зэрынэмысыр, дауи, узэхъуэпсэн гуэру щыткъым. Ауэ а псоми зи гугъу тщІы щыпІэм щыпсэу цІыхухэр бэшэч, пкъы быдэ, псэ хьэлэл яищІащ. Пэж-тІэ ахэрищэжьмэ щІитъыкІэ зэрыпсэу?

Уэ жьхуаІэр зымыщІэ хунэхэм я цІыху балигъхэм илъэс 40 щикъум дежи ныбжьыщІафэ ятетщ. СытынкІэ хъуну ар къэзыхьэкІыр? Япэрауэ, ерыскъырщ, ар егъэлеякъым. ЕтІуанэрауэ, я нэхъыбэр зэрымуслъымэным кьыхэкІыу, щІэх-щІэкуэ зэрыхэнэщыкІыр Іуэхум щыщщ. Нэхъыбэу яшхэр хадэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэщ. Мы щІыпІэр хуэрэджэн Іэфкіэ цІэрыІуэщ, ар яГъэгъури, щІымахуэ шхыну зэрахьэщ. Апхуэдэ ерыскъым хунэхэр бэшэч йохъукІри, бгьым дэкІуеинри, зекІуэ жьыжь Іъэсу кІуэнри кьеьхэлъэкІыркъым.

Ику ит ныбжьу кьалъытэр илъэси 120-рэщ, цІыху щхьэхуэхэр илъэси 160-рэ хъуауэ дунейм йохьэж, жьыгъэм фІэкІа зыри кьемыуэауэ. Нэхъ уэзырэгъэхьуапсэраци – хунэхэм я псэупІэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэмрэ щытепщэщ. Зыми щІэпхъаджагъэ зэрихьэркъыми, лъэхъуэщхэр яІэн хуей хъуркъым, гъащІэм фІыкІэ щыгугъыу мэпсэу. Ерыскъыншагъэмрэ псэуКІэ гугъумрэ псори зэхуэдэу пэщІэтын хуей зэрыхьэм зым адрейм щыгугъын хьэлЫр фІигъэКІуэдыркъым. Хуэзыгъэфащэ щыІэщ зи фэр сырыкУ хунэхэр зэгуэр мы щІыпІэмкІэ пхыкІа Македонский Александр и дзэм щыщхэм кьатепщыкІауэ.

Хунэхэр апхуэдэу куэдрэ щІэпсэуэр зыгурагъэІуэн папщІэ, 1963 гъэм я щІыналъэм франджы комиссэ яГъэкІуауэ щытащ. ЦІыху псори кьыхатхыкІри, илъэси 120-р ику ит ныбжьу кьалъытащ. Ар я фІэщ щІамышщІэн щхьэусыгъуэ кьалъыхъуэрэт, хьэмэ щэч кьыщІэтрахьэн гуэр я нэгум щІэкІа? Ягу фІы зэращІа жэуапхэм ящу, кьуажэ пхыдзаэхэм тхэкІэрэ еджэкІэ ямыщІэу щыпсэуэхэм кьыщалъхуа илъэсри махуэри зэрамыщІэм кьыхэкІыу, я ныбжьыр пщІыуэ ящІатащ. ИтІанэ, сыт ар уи фІэщ пщІы щІэмыхьунур?

Езы хунэхэм я гупсысэкІэмкІэ, ныбжьыр цІыхум кьипсэуа илъэс бжыгъэракъым кьыззрипщІэнур, абы гъащІэм щызригъэгъэта пщІэрщ. Адыгэхэри апхуэдэу дыщымыту жытІэнкъым, иужьрей зэманым пщІэрэ щІыхьу кьэтпльэтэмрэ хьэмпрэ мащІэу зэрытфІызэхэзэрыхьым и гугъу умыщІмэ. Хунэхэм зэрыжаІэмкІэ, илъэс 50 фІэкІа мыхъу «щІалэр» илъэси 100-м итым нэхърэ нэхъ Іущу кьыщыщІэкІ кьоохъу. Ар дэри дощІэ. Ауэ кьытхуэмыщІэр апхуэдэ дуней кьэгъэщхьэпэкІэ емыгъэлеям тета ди адэжьхэм я хьэлым дыщІзыгъэужа «цивилизацэм» ифІ кьыдэкІыу кьэтльытэу, гъащІэ хуэмыхум дыщІыдихьэхарщ.

Хунэхэр дунейм тет адрей цІыхухэм кьІэрэ зэрэнэхъ гъащІэ кІыхьыр абыхэм лы зэрамышьым хуахьыну хэтащ зыкъомрэ. АрщхьэкІэ ари мыпэм дыдзу кьыщІэкІащ. ЯшхкІэ яшх, ауэ зэрытхъэмыщІкІэм кьыхэкІыу, махуэ кьэс ямыгъэуту аркъуедйщ. Жэм, мэл, шы, бжэн яГъэхъу хунэхэм. Пэжщ, гъэмахуэ мазэхэм нэхъыбэу зыІуэгъэхуэрхадэхэкІрэ пхъэщхьэмыщхьэрэщ, ауэ щыІмахуэм лыкІи зогугъэж.

Нэхъ зэщхьращи, зы уэи кьыІэмыуалІэ цІыху уэзыншэ дыдэхэм ятеуху шыпсэхэр ахэр зэрытхъэмыщІкІэм кьыщыжэкІыр нэхъыбэщ. Пэжщ, щІэпхъаджащІэхэр мащІэщ, ауэ махуэ кьэс щІыуэпсым и зэхэзэрыхькІэм пэщІэтын хуей хунэхэм я псэуКІэ хьэлЫр зэтезыхухуар ахэр гъащІэ гугъум зэрыхэтырщ. Нобэми Индиемрэ Пакистанымрэ яхуэзэрымыгъэгуэш а щІыпІэр иджырей зэманым кьыдэкІуэ тынШыгъуэхэм фІыуэ кьыкІэрыхуу, туристхэм кьалъкІ мылъку мащІэм щыгугъуеу псэууэ хуагъэфащэ. ИтІани, цІыхуэхэр нэхъ бэшэчу, зыр адрейм зэрыщыгугъым кьыхэкІыу, нэхъ зэлъэІэсу зэрыщытым ахэр лэжьыгъэм зэрыщымыужамрэ шхынкІэ зэрырамыгъэлейм рэ хэлпхъэжмэ, пкъэзымыгъэгъэтын насып хунэхэми зэраб гъэдэмылъыр нэрылъагъу мэхъу. «Ныбэиз лъэхъэнэ» зыфІащ ди зэманым, ди жагъуэ зэрыхъущи, узынщагъэми кІэрегъэху, цІыхум лъапІэу кьыфІэщІыжмрэ зэрыщытпхъэмрэ я зэхуакум нэхъ ин ещІ. Ауэ цІыхухэкІэ, адыгэ кьуажэм кьыщыхъуар щымыгъуаззэу хунэхэми тельыджэлажьэ лей ябгъэдэлъхьэм, хьиим имыкІын хьэлыр зэрахъуэмэфым фІэкІа.

Планэпэр зыгъэхьэзырар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

РомыщIэр куэдым щIаджыкIащ

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щекIуэкIащ Къаныкъэ Заринэ и «Iуащхьэмахуэ, Махуэгъэпс» романым иращIэкIа пшыхьыр. Абы къырихьэлIащ институтым и лэжьакIуэхэр, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр, литературэхутэхэр, бзэщIэныгъэлIхэр, журналистхэр. Аэрэ тепсэлъыхьащ тхылъым щIэщыгъуэу хэлъым, ар жанркIэ зыхьебгъэубыдэ хуэныкъо, ди литературэм щичыбыдыну узыпIэм.

- КЪАНЫКЪУЭ Заринэ и IэдакъэщIэкI куэд дощIэ. УсыгъэмкIэ, драматургиемкIэ дигъэгуфIэуэр, роман ди пащхьэ кIэрилъхьащ япэу. Ди щIэныгъэлIхэр литературэм щелэжькIэ, мы тхылъыми гульытэ хуащIынущ. Псоми зэгъусэу зы Iуэху зэдзэтщIэу аращ, сызэрепльымкIэ. Ди институтри, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэри, радиори, телевидениэри, газетхэри щэнхабзэм делIалIэу аращ. Абы къыжкIыну тхылъым ди Iуэхущ-плIэм дыщытепсэлъыхьыпхъэу къэтлъытащ. Мыр романышхуэщ икIи псоми ар щIаджыкIыну хунэсакъым. Абы гульыти игъэтащ - Москва и Уп Плъыжьмы пшыхь щIхуащIащ. Тхьэм уи ехъулIэныгъэр нэхъыбэ ищI, Заринэ, нобэ мыбы етщIэжыну псалъэмакъри махуэ ухуI - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI **Дзэмыхь Къасболэт**.

- Заринэ и тхылъыр иджырэ тхылъымплIэм нэмыс щIыкIэ еджар сэрати, ар нэхъ псынщIэуэу щIыхуэм я деж нэсу, хьэлэмэту къэхуар къащIэну сыхуейт. Зэи димыIаУэ къытхэхъащ мыпхуэдэ уху кIэ зиIэ тхылъ. Ар утыкушхуэм ихьагъэхэщ, дытепсэлъыхьу едгъэжащ. Сэ къысщохъу мы романыр щIыхуэм тхылъым джекIэ загъэзэжыныкъэ хуэщхьэпэну. Сыту жыпIэмэ и жанрыр зэщIэгъуэн дыдэщ. Мыбы щызэхэтщ къэхъуар къэмыхъуар, дызыхэпсэукI гъащIи, удыгъи, мэгъуГи. Цыхуу гупсысэм тыншу къимыбыдыдыфиу къэхъуэри щыщIэнкIэ зэрыхъунум урегъэгупсыс. ЩIащIыгъуэ дегъэпытыгъуэ тхакIуэм мыбы хэт лIыхъужьыр, дэтхэнэми и гъащIэм дрегъэгупсыс. Псалъэм щхьэкIэ, щIэ хелъхьэ Iэдэм и образым. Цыхуу къызэригуэкIхэр дызыщымыгъуаз, дымыщIэ, дызэмыса гуэр - дунеитIым я зэпылъыпIэ - ельагъу абы. ДунеитIыр зэпэгъунэгъуц, зэбгъэдохъэ, ауэ зэпэзэсыщIэкъым. ДгъэщIэгъуэн, дызытепсэлъыхьын куэт тхылъ, - жиIащ тхылъым и редактор, педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **ХъущIыкIу Рае**.

- Тхылъым сытезыгъэгушхуэр икIи къысщызыгъэпсынщIар Раеущ. Зи адыгэбзэм шэч къытумыхьэж, пщIэ зыхуэпщI цыхуу къыщыббгъурытым деж, тхыгъэри нэхъ мэкIуатэ, - жиIащ Къаныкъуэ Заринэ, Рае фIыщIэ хуищIу.

«Iуащхьэмахуэ, Махуэгъэпс» романым текуауэ и гупсысэкIэ зэхощхьэхуI. ЛIыхъужьхэм зыщагъэзынэхуж Iэхуэгъуэр зы лъэныкъуэщI, псэм и зыужьыкIэр къыщыгъэльэгъуар етIуанэщ, 115-нэ щуудзэм теухуар, алмэстыхэр кьыщыкиГъэхьэр, гуэлъ къыщигъэльэгъуэр - мыхэри нэгъуэщIщ. ТхакIуэм и гупсысэр щэрыуэу икIи тегушхуауэ еутIыпщыф. Сигу ирихьащ сюжетыр зэрымыукъуэдияр, атIэ зэхэт - зэпыуэзыгъэ зэрекIуэкIыр, - къыхэгъащIащ Щэрыкъуэ.

Романыр зэрытха бзэм, абы къыхэщ мэгъуГэм цIыхухэм я гъащIэм къыщыхъуу гуэрхэр ирапхыуэр кьызэрекIуэкIыр жиIащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **БищIо Борис**.

- Тыншу седжагъэ схужыIэнукъым тхыгъэм - сызэмысат. Адыгэм жыIэгъуэ диIэщ «и шейтIаныр къытекIуащ». ЗызэримыщIыпхъэу зызыщIым, имыч хуэзу къызыжьэдэхьым, сэ сщIэрэ, мыхъумыщIэ гуэр здалъагъум хужаIэ. ШейтIаным тралъхьэ, езыхэм я ягъэу къамылъытэу. ГъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэ гуэрхэр, цIыхухэм я щхьэ кьырикIуэхэр, езыхэм я закъуэ емылытагъэ, ахэр къэхъуным къару мыгурыIуэгъэ - мыЛупщI гуэрхэр хэлъэщхьэу къегъэлъагъуэ Къаныкъуэ Заринэ. Дэ дымыщIэ куэд щIыщI дунейм и къэзэнэкIам, гъащIэр къыщежьам теухуауэ. Гупсысэ зэтемыхуэхэри къахь абы и Iэхуэкъэ. Зарини езым и гупсысэ иIэжу бгъэдыхьащ а упщIэхэм.

Тхыгъэр зэрытха бзэм и гугъу пщIымэ, дагъуэнэшэщ, гъэхуащ икIи гурыIуэгъуафIэщ. Нобэ, тхэри еджэри машIэ щIыхуэ зэманым, адыгэбзэкIэ тхылъ къыщдэкIыныр уэзыщIгуфIыкI Iэхуэгъуэщ. Ар щIэлэгъуалэм я деж кIэ еджэгъуафIэу щытмэ, хъарзынэщ. Романыр хэлъхьэныгъэ хъунущ нэхъ щIалэIуэхэм тхылъыр кьащтэнымкIэ. Сэ ящ тхыгъэшхуэу сызэджар икIи сызыIэпызышар КIыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нур» романырщ. Иджыдрей щIалэгъуалэм ар ящ тхыгъэшхуэу яджынырр къатехьэлъэну къысфIощI. Тхылъым я гупэ хуэгъэзэн папщIэ, зи сюжет нэхъ псынщIэ, нэхъ зэмылIэужьыгъуэу зэхэухуэна гуэр кьыхахуэу си гугъэщ, - жиIащ БищIом.

- Хэкум сыкъыщихьэжам щегъэжьауэ соцIыху Заринэ. Илъэс 33-рэ дэкIащ абы лъандэрэ. «Iуащхьэмахуэ» журналым хьыджэбз цIыкIуу щIлажьэу сыщрихьэлIам наIуэ хуэдэт ар нобэ здынэсам зэрыпльэфыгъур. УэрэкIэ иригъажьэри, пьесэхэри итхащ, романми нэсащ. Заринэ адыгэбзэкIэ зэрытхэм, лъэпкъ литературэм зэрыхэтым, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIым папщIэ пщIэ лей хэзощI, - жиIащ «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейр зей **Iутыкъ Мажид**.

Юрист, пасэрей адыгэ хьэпшыпхэр зэхуэзыхьэсыж **Шопар Алан** кьыхигъэщащ адыгэ къуажэхэм щыжаIэ хъыбархэр, удыгъэм теухуауэ пасэрейхэм къаIуэтэжа куэд романым къызэрыщыхьар.

- Заринэ кьыгупсысауэ куэд хэту схужыIэнукъым романым. Къэдгъащтэ, джэдум е алмэстым теухуауэ абы къыхэщхэр. Дэтхэнэ къуажи жыли дэлъщ алмэстым, джэду-удым теухуа хъыбархэр. Си адэшхуэм и анэм жиIэжт «Джэду Маш» зыфIаща алмэстя ящIыхуу, жыпIэм дыхьэу, ирахужьэжу щытауэ хъыбархэр. СыщыщIыкIым ди хьэблэм дэсащ фызыжь гуэр, жылэм джадууэ кьыдыхьауэ щытауэ хужаIэу. Апхуэдэ куэд уигу къегъэкIыж тхыгъэм. Уеджэ хуэдэкъым мыр къэпщIэ нэужь, атIэ бгъэвэ ухэтщ, - жиIащ абы.

- Наушникыр си тхьэкIумэм илъу сыхьэт 12-кIэ зэпызмыгъэууэ седэIуащ романым. Унэгуащэм гу къыщылсльитэм апхуэдизу сызыдихьэхам щIэупщIащ. «Си цIыкIуцIьэм содэIузэж», - жысIащ сэри. Пэж дыдэу си сабиигъэхэм сызыкъыжа тхыгъэщ мыр. Илэм щыгъуэ Хьэжьыхьанкlэ еджэу зы «уд» диIащ къуажэм. ЦIыкIуэр абы дыбгъэдэлъадэрти, и нэм дыщIэплъэну и ужь диттт, къыщыдэмыхьлIэкIи, «удым и нэм ущиГъаплъэркъым» жьпIэрт. АтIэ абы и пщIантIэм чейм иту псы дэтт. «Хьэжьхьан а псым хохьэри, уд мэхъу, ди уэнжакъхэмкIи къопщхьэ» жьпIэрт, - тхыгъэм игу кьиГэкIыжьхэмкIэ пшыхьым щIэсхэм ядэгушащ Тырум къыщыдэкI «Жьынэпс» газетым елэжьым ящыщ **Батыкъуэ Эрдоган**.

Тхылъым теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ, Къаныкъуэ Заринэ и лэжьыгъащIэмкIэ ехъуэхъуащ сурэтыщI, РАХ-м и академик **Црым Руслан**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ, режиссёр **Гумэ Маринэ**, «Литературэ-ная Кабардино-Балкария» журналым жэуап зыхь и секретарь **Хьэту Пётр**, ЩIДАА-м и член-корреспондент, тхакIуэ **Къаныкъуэ Анфисэ** сымэ. Къэпсэлъахэм кьыхагъэщащ мыр ди литературэм дежкIэ зэрыщIэщыгъуэр, уеджэми уедалуэми узэрыдихьэхыр.

- Мы тхылъыр Щоджэнщыкъу Нинэ хуэзгъэпсащ. Ар щыстхьм ирихьэлIэу Нинэ абы еджэжьфрынутэкъым. Апхуэдэу щыхъум, Мэремкъу Ларисэ селъэIури, романыр макъкIэ радиом щыстхьи щIэздзащ, Нини езгъэдаIуэри игу ирихьауэ щытащ. Ар сыт щыгъуи кьыкIощIугъат прозэ стхыну, - жиIащ Къаныкъуэ Заринэ тхылъыр тыгъэ зыхуищIам тепсэлъыхьу. Абы фIыщIэ яхуищIащ Iуэхум хэтахэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Спортым къэрал гулъытэ щигъуэтым деж

Къэбэрдей-Балъкъэрым Спортымкlэ и министерствэм и хэщIапIэм иджыблагъэ щрагъэблагъащ Тэтэрстаным и къалащхьэ Къэзан тхьэмахуэ илэкIэ щекIуэкIа, БРИКС-м хьихьэ къэралхэм я дунейпсо спорт зэхуэсышхуэм бэнэкIэ хуитымкIэ дыщэ медалхэр республикэм къыхуэзыхьа Зэкlуий Анзорэрэ Шаваев Маликрэ, УФ-м боксымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ зэхэта зэпеуэхэм къыщыхэжаныкIа Щауэжь Темырлан, Къаноокъуэ Раад сымэ, я тренерхэр ящыIгъуу. Абыхэм иджыри щIалэ зыбжанэ я гъусэн хуеят, Шэрий Инал-бэчи яхэту, ауэ ахэр сборхэм зэрыщыIэм щхьэкIэ, зэхуэсым кьрихьэлIэфахьым. ИужькIэ ахэри къарагъэблэгъэнущ.

КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам зэIущIэр къыщызэIуихым кьыхигъэщащ ди республикэм и спортсменхэм иужьрей илъэсхэм ехъулIэныгъэ хьарзынэхэр ди къэралым имызакъуэу нэгъуэщI щIыпIэхэми зэрыщызэIорагъэхьэр, псом хуэмыдэу бэнакIуэхэм. Абы и щыхьэту, щапхъэу кьихьащ нобэ журналистхэм я пащхьэ къраша щIалэхэр. Ар гуапэу хьэщIэхэм ехъэхъуащ икIи жиIащ республикэр абыхэмкIэ зэрыгушхэр, езыхэми ди щIыналъэм и пщIэр лъагэу зэрагэтыр.

Журналистхэм, сыт щыгъуи хуэдэу, зэщIэупщIэн я куэдт. «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондентым УФ-м бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион, килограмм 74-рэ хъуэхэм я деж щыбанэ Зэкlуий Анзор зыхуигъэзащ, езыр зэреплъымкIэ, къэралым я гуэкIыбгуэрыуэжьрхъым спортым къыщыщIидзэри, политикэр абы къыщыпыуфэ щыпIэри. Абы къыхэкIыу, ди газетеджэхэм яфIэхьэлэмэт хуэну къыщIэкIынщ Дунейпсо Олимп Комитетым ди къэралым и спортсменкъм къарищIыпIа дэкъуэзэныгъэхэм къарикIуахэм ди щIалэхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ зэрелъ щIыкIэр.

Ди бэнакIуэхэм абы теухуауэ жаIащ, Олимп джэгуэхэм хэтын щхьэкIэ къыхэзыгъах лицензиехэр нобэ яIамэ, абы кIуэну зэрыщытар. Мыбы гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъыращи, илъэс тIощIым щIигъуаэз, зэрыжаIэу, сабиигъуи зэман леи ямыIэу, темыхьэу леикIыу спортым я гъащIэр тезыхуахэм я гугъуехьыр хамыгъэкIуэдэну, я хъуэпсапIэр зрагъэхъулIэну аращ. Тыншу, телефоныр пIэщIэлъу диваным махуэ псом уиулъу нэгъуэщIым утепсэлъыхьыну, утехуэщIыхьэну. Ауэ, ди щIалэхэм зыжьэу жаIащ, Олимп джэгуэхэм хагъэтын щхьэкIэ ди къэралым и зэран зыхэлъ Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэр ирагъэлэжьну, ар ирагъэубыну кьыхуаГъэуву щытмэ, абы зэрымыкIуэнуэр.

ЗэIущIэм кьрихьэлIа тренерхэри спортсменхэри тепсэлъыхьащ иужьрейуэ зыхэта зэхьэзэхуэхэр зэрекIуэкIам, ахэр кьаззрыщыхьуам, я мурадхэм, кьапэщIыпь кьалэнэхэм икIи фIыщIэ ин хуащIащ щIыналъэм Спортымкlэ и министерствэм, сыт и лъэныкъуэкIи кьаззрыдэжIэпыкъым, зэрызэхьащIигъакъуэм папщIэ.

Хьэсанэ Ислъам жиIащ фIыщIэ хэха Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ зэрахуэфащэр, спортым и мыхьэнэмрэ абы текIуадэмрэ кьаззрыгурыIуэм, я лъэIуэмкIэ кьыззрамыгъэщIэхъум, сыт хуэдэ Iуэхугъуэми хэкIыпIэхэр кьыззрыхуагъуэтым папщIэ.

ЗэIущIэм и кIэм Хьэсанэ Ислъам журналистхэм я пащхьэм япэу кьрихьащ республикэм и спортсменхэм, командэ кьыхэхам хэтхэм хурагъэда спорт фащэ екIур. Ар псоми ягу ирихьащ. ИужькIэ, спортсменхэр саугъэт щхьэхуэхэмкIэ яГэпажащ, сурэти зэгъуэгу зэтрагъэхащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Псынэдахэм бжьыпэр еубыд

Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зи чэзу джэгуГъуэхэр щызэхэта иужь Псынэдахэм къуажэм и «Родник»-м бжьыпэр щиубыдащ. ЕтIуанэ увыпIэм щыт Альтуд и «Искра»-рэ абы къыкIэрыхуу пхужьIэнукъым, сыту жыпIэмэ, ар зыкIэ нэхъ мащIэщ зэрыджэгъуар. Абы и яГэкIэ зы щытыпIэкIэ екIуэтэхауэ аращ. Зэкlэ текIуэныгъэншэ командэ яхэтыжкъым.

«РОДНИК»-мрэ «Искра»-мрэ очко бжьыгъэмкIэ зэхуэдгъадэ хъуну къудейкъым, атIэ хърхуэрэгъу-хэм я гъуэхэм дагъэкIа топ бжьгъэхэмкIэ, езыхэм кьыхудагъэкIамкIэ зэрагъэхьыхуэ щыIэкъым икIи зэмкIэ зыми хагъэщIэфакъым. А тIум якIэлъыкIуэу ещанэм кьыщыщIэдзауэ еблана увыпIэм щытхэр пашищым куэдкIэ кьакIэрыхуркъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, мыгъэрей зэпеуэр футболым дихьэхэхэм я джэкIэ зэшыгъуэ мыхъуну ущыгугъ хъунущ.

Иужь зэIущIэхэм командэхэр зэрызэддэджэгуа бжьгъэхэм щигъуаз фыхуэтщыну: - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Акъбащ»** (Акъбащ Ищхъэрэ) - **2:1**, **«Шалгъ»** (Зеикъуэ) - **Лашынкъей** (Лашынкъей) - **5:3**, **«Малкъ»** (Малкъ) - **«Спутник»** (Псыгуэн) - **1:3**, **«ЛогоВаз»** (Бабугент) - **«Шэрджэс»** (Шэрджэм) - **3:2**.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Родник»	10	9	1	0	53-7	28
2. «Искра»	9	8	1	0	44-3	25
3. «Тэрч»	10	8	0	2	39-11	24
4. «Шагъдий»	11	8	0	3	36-32	24
5. «Ислъэмей»	10	7	0	3	26-19	21
6. «Малкъ»	11	6	1	4	36-31	19
7. «Лого-ВАЗ»	11	6	0	5	35-33	18
8. «Спартак-Д»	8	3	1	4	26-20	10
9. «Псыгуэнсу»	11	2	4	5	20-40	10
10. «Урожайнэ»	11	2	2	7	12-37	8
11. «Шэрджэс»	11	2	2	7	20-33	8
12. «Акъбащ»	11	2	1	8	16-40	7
13. «Шэрэдж»	11	1	1	8	9-42	5
14. «Лашынкъей»	11	1	1	9	15-45	4

Iуэху дахэм Урыху щыпащэ

Щэнхабзэ

Лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр, щIэблэхэм я зэпыщIэныгъэр егъэфIэкIуэным, гъэбыдэным, щэнхабзэ лъапIэныгъэхэр, унагъуэхэм ярылъ хабзэмрэ нэмысымрэ хъумэным, ахэр кьыдэкIуэтей ныбжьыщIэхэм щапхъэ яхуэщIыным хуэгъэза «Кунацкая» теленэтынхэр техьиным Лэскэн районым хьихьэ Урыху къуажэм мэкъуауэгъуэм и 26-м щыпащащ. Хабзэ зэрыхъуам тету, чэзур ирагащ жьлэм щыщ зы цIыхум - ар Къугуэлъкъуэ Аслъэнщ. ФыэзэрыщIагъуаэзщи, мыр йокIуэкI щIалэгъуалэм я «Регион для молодых» федеральнэ Iуэхум хьыхьэу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ядиIыгъуэу.

КъУЛ Амир, Конаревэ Наталье, Хаировэ Айсурэт сымэ дахэу ирагъэкIуэкIащ Iуэхур. Къуажэдэсхэр жьыджэру хэтащ абы, хэгъэрейхэм дахэу ирагъэблагъащ хьэщIэхэр. Зыхуей хуагъэзэжа Щэнхабзэмкlэ унэм и пэш Iэхуитльэхуитым щIыхьэхэри пшыхьым яуж ихьащ. Урыху къебланъат Александровскэ станицэм и уэрэджыкIыкIуэхэр. Ахэр гуапэу ехьуажэдэсхэм ехъуэхъуащ Щэнхабзэмкlэ унэми тыгъэкIэ хуэупсащ. Давид Риммэ урысыбзэкIэ итха «Къугуэлъкъуей» уэрэдыщIэр абыяз и гъэсэн щIалэ Къумыкыу Муратрэ зэдыжаIащ. Пщыхьэщхьэм я макъ лъэщыщ щыIуащ уэрэдэкIэкIуэху Цокlэл Азэмэтрэ Пащlэ Марианэрэ, абыхэм ягъэлъэгъащ «Две мечты» мюзиклым щыщ Iыхьэ. Композитор, усакIуэ Апэнэс Валерэ кьеджащ и IэдакъэщIэкI гъуэр - мыхэри нэгъуэщIщ. ТхакIуэм и гупсысэр щэрыуэу икIи тегушхуауэ еутIыпщыф. Сигу ирихьащ сюжетыр зэрымыукъуэдияр, атIэ зэхэт - зэпыуэзыгъэ зэрекIуэкIыр, - кьыхигъащIащ Щэрыкъуэ.

Романыр зэрытха бзэм, абы къыхэщ мэгъуГэм цIыхухэм я гъащIэм къыщыхъу гуэрхэр ирапхыуэр кьызэрекIуэкIыр жиIащ Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым Къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Бищlо Борис**.

- Тыншу седжагъэ схужыIэнукъым тхыгъэм - сызэмысат. Адыгэм жыIэгъуэ диIэщ «и шейтIаныр къытекIуащ». ЗызэримыщIыпхъэу зызыщIым, имычхэзу къызыжьэдэхьым, сэ сщIэрэ, мыхъумыщIэ гуэр здалъагъум хужаIэ. ШейтIаным тралъхьэ, езыхэм я ягъэу къамылъытэу. ГъащIэм къыщыхъу-къыщыщIэ гуэрхэр, цIыхухэм я щхьэ кьырикIуэхэр, езыхэм я закъуэ емылытагъэ, ахэр къэхъуным кьару мыгурыIуэгъэ - мыЛупщI гуэрхэр хэлъэщхьэу къегъэлъагъуэ Къаныкъуэ Заринэ. Дэ дымыщIэ куэд щIыщI дунейм и къэзэнэкIам, гъащIэр къыщежьам теухуауэ. Гупсысэ зэтемыхуэхэри къахь абы и Iэхуэкъэ. Зарини езым и гупсысэ иIэжу бгъэдыхьащ а упщIэхэм.

Тхыгъэр зэрытха бзэм и гугъу пщIымэ, дагъуэнэшэщ, гъэхуащ икIи гурыIуэгъуафIэщ. Нобэ, тхэри еджэри машIэ щIыхуэ зэманым, адыгэбзэкIэ тхылъ къыщыдэкIыныр уэзыщIгуфIыкI Iэхуэгъуэщ. Ар щIэлэгъуалэм я деж кIэ еджэгъуафIэу щытмэ, хъарзынэщ. Романыр хэлъхьэныгъэ хъунущ нэхъ щIалэIуэхэм тхылъыр кьащтэнымкIэ. Сэ ящ тхыгъэшхуэу сызэджар икIи сызыIэпызышар КIыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нур» романырщ. Иджыдрей щIалэгъуалэм ар ящ тхыгъэшхуэу яджынырр кьатехьэлъэну кьысфIощI. Тхылъым я гупэ хуэгъэзэн папщIэ, зи сюжет нэхъ псынщIэ, нэхъ зэмылIэужьыгъуэу зэхэухуэна гуэр кьыхахуэу си гугъэщ, - жиIащ Бищlом.

- Хэкум сыкъыщихьэжам щегъэжьауэ соцIыху Заринэ. Илъэс 33-рэ дэкIащ абы лъандэрэ. «Iуащхьэмахуэ» журналым хьыджэбз цIыкIуу щIлажьэу сыщрихьэлIам наIуэ хуэдэт ар нобэ здынэсам зэрыпльэфыгъур. УэрэкIэ иригъажьэри, пьесэхэри итхащ, романми нэсащ. Заринэ адыгэбзэкIэ зэрытхэм, лъэпкъ литературэм зэрыхэтым, щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIым папщIэ ящ лей хэзощI, - жиIащ «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейр зей **Iутыкъ Мажид**.

Юрист, пасэрей адыгэ хьэпшыпхэр зэхуэзыхьэсыж **Шопар Алан** кьыхигъэщащ адыгэ къуажэхэм щыжаIэ хъыбархэр, удыгъэм теухуауэ пасэрейхэм къаIуэтэжа куэд романым къызэрыщыхьар.

- Заринэ кьыгупсысауэ куэд хэту схужыIэнукъым романым. Къэдгъащтэ, джэдум е алмэстым теухуауэ абы къыхэщхэр. Дэтхэнэ къуажи жыли дэлъщ алмэстым, джэду-удым теухуа хъыбархэр. Си адэшхуэм и анэм жиIэжт «Джэду Маш» зыфIаща алмэстя ящIыхуу, жыпIэм дыхьэу, ирахужьэжу щытауэ хъыбархэр. СыщыщIыкIым ди хьэблэм дэсащ фызыжь гуэр, жылэм джадууэ кьыдыхьауэ щытауэ хужаIэу. Апхуэдэ куэд уигу къегъэкIыж тхыгъэм. Уеджэ хуэдэкъым мыр къэпщIэ нэужь, атIэ бгъэвэ ухэтщ, - жиIащ абы.

- Наушникыр си тхьэкIумэм илъу сыхьэт 12-кIэ зэпызмыгъэууэ седэIуащ романым. Унэгуащэм гу къыщылсльитэм апхуэдизу сызыдихьэхам щIэупщIащ. «Си цIыкIуцIьэм содэIузэж», - жысIащ сэри. Пэж дыдэу си сабиигъэхэм сызыкъыжа тхыгъэщ мыр. Илэм щыгъуэ Хьэжьыхьанкlэ еджэу зы «уд» диIащ къуажэм. ЦIыкIуэр абы дыбгъэдэлъадэрти, и нэм дыщIэплъэну и ужь диттт, къыщыдэмыхьлIэкIи, «удым и нэм ущиГъаплъэркъым» жьпIэрт. АтIэ абы и пщIантIэм чейм иту псы дэтт. «Хьэжьхьан а псым хохьэри, уд мэхъу, ди уэнжакъхэмкIи къопщхьэ» жьпIэрт, - тхыгъэм игу кьиГэкIыжьхэмкIэ пшыхьым щIэсхэм ядэгушащ Тырум къыщыдэкI «Жьынэпс» газетым елэжьым ящыщ **Батыкъуэ Эрдоган**.

Тхылъым теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ, Къаныкъуэ Заринэ и лэжьыгъащIэмкIэ ехъуэхъуащ сурэтыщI, РАХ-м и академик **Црым Руслан**, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистхэ, режиссёр **Гумэ Маринэ**, «Литературэ-ная Кабардино-Балкария» журналым жэуап зыхь и секретарь **Хьэту Пётр**, ЩIДАА-м и член-корреспондент, тхакIуэ **Къаныкъуэ Анфисэ** сымэ. Къэпсэлъахэм кьыхагъэщащ мыр ди литературэм дежкIэ зэрыщIэщыгъуэр, уеджэми уедалуэми узэрыдихьэхыр.

- Мы тхылъыр Щоджэнщыкъу Нинэ хуэзгъэпсащ. Ар щыстхьм ирихьэлIэу Нинэ абы еджэжьфрынутэкъым. Апхуэдэу щыхъум, Мэремкъу Ларисэ селъэIури, романыр макъкIэ радиом щыстхьи щIэздзащ, Нини езгъэдаIуэри игу ирихьауэ щытащ. Ар сыт щыгъуи кьыкIощIугъат прозэ стхыну, - жиIащ Къаныкъуэ Заринэ тхылъыр тыгъэ зыхуищIам тепсэлъыхьу. Абы фIыщIэ яхуищIащ Iуэхум хэтахэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Пэнагуэ Казбек ягу къагъэкIыж

Самбэ

СССР-м спортымкIэ и мастер Пэнагуэ Казбек и фэеплъу Тэрч къалэм и «Тэрч-Олимп» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ самбэмкIэ «А» класс зиIэ 27-нэ урысейпсо зэхьэзэхуэр. Абы хэтащ къэралым и щIын алъхэм ящыщ 23-м я бэнакIуи 130-рэ, УФ-м спортымкIэ и мастерым и кандидат цIэр зезыхьэ и кIэ къэмыкIуэу.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм зэпеуэм медалищ кьыщихьащ. Я хьэлъагъ ельытауэ зыхэта гупхэм ещанэ щыхъущ Къуэшыкоскъуэ Идар (кг 64-рэ), Щад Алимбэч (кг 58-рэ), КIуэкIуэ Темырлан (кг 71-рэ) сымэ икIи абыхэм яГъэзэщIащ «Урысей Федерацэм спортымкIэ и мастер» цIэм и мардэхэр.

АЛБЭРДЫКЪУЭ Iэмин.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эльэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; къызэрыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.389
Заказыр №1408
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщагъэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу ежьащ яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **Пхытlыкl Маруся** *(1, 3-нэ нап.),* **Елмэс ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.),*

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахьуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ эуэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.